
Language L.61

# WOLOF

مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

Version Date: November 2025




Part of the

ISLAMIC e-LIBRARY

Learn more about Islam with our informative and educational materials, translated to over 50+ languages

@islamicicdxb

CONTENTS




*Ab dog ngir gaaral*

# LISLAAM

WOLOF (01/10) نبذة عن الإسلام FREE COPY

DUNDIIN WU TEGU CI LIGGÉEY TE DIGG-DÓOMU

DIGGANTE BU WÓOR TE SËS RIKK CI YÀLLA

XAM YÀLLA CI DÉGGIIN WU WÓOR TE LEER

WOOTE BU JEKK CI JAMONO YÉPP AK CI BËRËB YÉPP

جمعية دار البر
Dar Al Ber Society
www.daralber.ae
الإمارات
THE EMIRATES
Your Path To Peace..
مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام
تصريح رقم:
(2017/139)
دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department
www.islamicic.com

CONTENTS




# LAN MOOY LISLAAM?

Lislaam mooy nga gëm Yàlla miy Kenn tey Dëgg (‘Allaahu’ ci araab), di ko jaamu moom dong, te gëm yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) mi mujj ci Yónnent yi.

Daanaka 4i nit ñoo jël kenn ka jullit la, maanaam (23%) ci nit ñi ay jullit lañ – lu ëpp 2 milyaari jullit.

Ñiy topp lislaam la ñuy woowe "ay jullit", man naños bokk ci xeet walla waaso wu nekk.

## NGËM AK PAS-PAS

Yàlla da nuy woo ngir nu gëm ko jaare ko ciy kéemtaanam, Yàlla def xam loolu bokk ci sunu wareef, loolu dafa bokk ci sunub nattu fii ci àddina. Bun amul jubluwaay bu wér; ak nu xam-xam man a toll du tax nit a gëm Yàlla.

- ✔ Xam-xame ak yaatu dënn
- ✖ Kiiraay/déggiin yi jiitu yi lal ñàkk a gëm
- ✔ Woyof ak sellal
- ✖ Rëy ak reewande
- ✔ Settantal li tax ñu bind nu
- ✖ Xëntewoo poñetu àddina sii
- ✔ Xam kéemtaani yàlla yi
- ✖ Loo gis dàq ko jàpp ne amul maanaa.

## 1EELU SABAB BI: NDOORTEL DÉND BI

Sabab bi njëkk ci gëm Yàlla mi ngi aju ci xalaat cosaanu dénd bi.

### Naka la dénd bi def ba nekk?

- ✖ Ndax cig neen la jóge? Dara du bàyyeekoo cig neen, kon kay jógewu ci.
- ✖ Ndax moo sàkk bopp? Mukk, loolu xel nanguw ko. Mi ngi mel ni nday ju naan moo jur boppam.
- ✖ Ndax naka jekk dénd baa ngi fi woon? Mukk, xam-xam bu bees saxal na ne dénd bi nekku fi woon naka jekk, dafa am fum tàmbalee.
- ✔ **Ndax dañ ko bind? Waawaaw. Jullit ñi dañoo gëm ne meneen mbir mu bokkul ak dénd bi moo ko sàkk - Te mooy Yàlla miy Aji-Bind.**

### Kon kan moo bind Yàlla?

*Yàlla kenn bindu ko. Wuute ak dénd bi ak yeneen mbindeef yi, Yàlla mooy Aji-Njëkk ji nga xam ne dara jiituwu ko, mooy Aji-Mujj ji nga xam ne dara du ñëw ginnaawam.*

CONTENTS





## 2EEELU SABAB BI: XEREÑE DEND BI:

Beneen sabab bu yomb ngir gëm Yàlla mooy  nga xalaat ni Yàlla xereñee  dénd bi, ci jëfandikoo xalaat bii:

- Lépp luñ nose day wane ne xam-xam a nga fa.
- Sunu (noseg jant bi) dafa nosu bu baax a baax ci ay sew-sew ak i takk-takk ak i anam yu sew ag nose.
- Xereñte gi ci sunu dénd bi day fésal xam-xamu Aji-Bind ji !

Màndarga yu bari ci dénd bi dañuy tegtale ci lu leer ne dañ leen a tabax ngir ñuy dooleel dund gi rekk, te bu seen dayo wuute woon tuuti ak nim toll nii dund fi du ma a nekk. Bokk na ci liy misaal loolu:



Déeleb ooson;

Dijjayu këllub suuf si;

Tolluwaayu ogsisen ci ngelaw li;

Sunu diggante ak jant bi;

Kojug xayma diggante jant bi ak suuf si ak weer wi.

Ndax xel nangu na dénd bu rëye nii te doy waar sosu cig tandale te amul ak caytu? War naño seetlu ne lislaam day soññee ci gëstu xam-xam ak settantal. Wareefu xam-xam mooy da nuy dimbali ci jàngat lu bari ci kéemtaan yi ñiy gis te Yàlla roof ko ci mbindeefam yi, di yékati man-manam ak xereñam.

## 3EELU SABAB BI: WAHYU - ALXURAAN


Alxuraan manees na koo jàppe lay wu rëy ngir tegtale nekkug Yàlla, ndax kenn manu koo toppandoo ci waxiinam, xereñtéefam, njubam, waxam ju jot ak ràññikoom ci wàqante ak ki koy jàng.

- Amul njuumte, amul woroo;
- Melal Yàlla ci nu wér te leer;
- Mooy njobbaxtalu taarub làkku araab;
- Dees koo wàccee ci Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) mi nga xam ne ferul woon ijj;
- Dees koo wattu - dara soppikuwu ci, ci diirub lu ëpp 1400i at;
- Dégg gu xóot ñeel doxiinu nit;
- Ay milyoŋi nit mokkal nañ ko;
- Làmboo na ay xam-xam yu wér, yu nit ñi xamul woon ci jamonoom.

*"Ay kéemaan yuy taxa waaroo ngi ci suuf si ñeel ñu gëm Yàlla tigi; ak ci seeni jëmm (am nay kéemaan). Moo ndax dangeen dul gis ?"*

**As-Saariyaat: 20-21**

CONTENTS


















# KAN MOOY YÀLLA?

Bokk na ci li gën a taaru ci lislaam mooy ne dafa gëm mat gi Yàlla mat sëkk, ak màggaayam ak ug wéetam, te du ci wàññi dara.

- Yàlla Kenn la amul moroom, amul dendandoo, amul bokkaale, amul ay doom;
- Yàlla (tudd naa ag màggam) moo yeyoo jaamu Yàlla yépp, moom kepp ci lu amul way-digale;
- Yàlla dafa mat sëkk, amul benn sikk walla ag doyadi;
- Yàlla ku yaatu yërmande la, xam na ne nun matunu te danuy def ay ñaawtéef, ànd ak loolu yépp caabi yërmandeem mooy nu nangu ne def nan ñaawtéef, daldi sàkku njéggal ci lu dëggu;
- Yàlla du suppaliku mbindéef, te kenn du bokk ak moom melo yi tax mu nekk Yàlla.

Buñ bëggee xam dëgg-dëggi Yàlla ci lislaam, dina am solo ñu waxtaane wàccuwaayu Iisaa, ndaxte dafa am lënt-lënt ak i tuuma yu siiw yu aju ci dëgg-dëggi jëmmam.

Ci lislaam, nun danoo gëm Iissaa, dan koo jàppe ab yónnent ak ndaw lu tedd lu bàyyikoo fa yàlla, waaye jullit ñi duñ ko jaamu, ndaxte jaamu moom Yàlla rekk lañ koy def, moom mi bind Iisaa ak lépp lu am. Kon nag, gëm ne Iisaa mooy Yàlla, walla doomu Yàlla la, walla kenn la ci ñatti yàlla yi, yooyu day woroo bu baax ak njàngalem lislaam mu leer mi aju ci Yàlla.

### Bu fekkee Iisaa mooy Yàlla, kon ci kan la doon julli jëm?

Amna misaal yu bari ci njàngalem diiney nasaraan yuy wane Iisaa fekk muy wax walla muy jëf luy tegtale ne Yàlla leneen walla jeneen jëmm la ju wuute ak moom, ci misaal: Iisaa mi ngi julli jëm ci Yàlla.

### Naka la Yàlla manee boole nekk Aji-Mat ak aji-matadi?

Iisaa dafa juddu, di lekk, di naan, yoroon xam-xam bu am yamukaay– te melo yooyu yellut ci Yàlla. Yàlla mooy boroom melo yu mat yi, wuute ak nit.

### Baat bii di "doomi Yàlla" lu miy tekki ca dëgg-dëgg?

Danuy gis ne baat bii di "doomi Yàlla" dees koy jëfandikoo, ca làkki téere yu njëkk ya, ci anamug junj jublu ci "jëmm ju baax", jëfandikoo nañ ko ci nit ñu bari -yamul rekk ci Iisaa. Jomb na lool ci Yàlla muy am doom ju ne léŋŋ taxaw.

### Bu fekkee Yàlla man naa def lépp kay, lu tax manul jekki-jekki nekk nit?

*Yàlla day sàmmonte ak melo yiy tegtale ag mat fum toll, te du def dara luy xëtt matam googu. Kon buñ sukkandikoo ci xamle gii, Yàlla du def jëf ju dul jëfi Yàlla. Loolu a tax, bu Yàlla jekki-jekki woon nekk nit, yor meloy nit, su boobaa du mas a nekkaat Yàlla ginnaaw ba, ci lu wér.*

CONTENTS






## ÑU BARI CI YÓNNENT YI AK NDAWI YÀLLA YI

***Ku ci mel ni Aadama, Nuuh, Ibraahiima, Muusaa, Iisaa, Muhammet ak ñeneen ñu dul ñoom (ya na leen Yàlla dolli jàmm):***

- Dañuy feddali gëm-gëmu "Yàlla kenn la";
- Dañuy bañ ay yàlla yu bari ak pas-pasi caaxaan yi;
- Dañuy leeral naka la ñuy jaamoo Yàlla;
- Dañuy nekk royukaay ci mbaax ak jikko ju rafet;
- Dañuy wane yool bi nekk ci topp Yàlla (Àjjana)
- Di moytuloo nit ñi mbugal mi nekk ci moy Yàlla (Safara)

Jamono yi weesu yépp, Yàlla da doon yabal ay yónnent ci xeet wu nekk, ñu yor benn woote bi - muy ñu jaamu benn Buur bi. Donte jullit ñi yónnent yépp lañ sopp wormaal leen, teewul duñ leen jaamu duñ askanale ci ñoom lu leen di def Yàlla, ndaxte melow Yàlla, Yàlla rekk a ko moom.

## LI TAX YÀLLA BIND NU

Yàlla, Aji-Xereñ ji, bindu nu rekk ngir nuy wëreelu dun jëm fenn, walla ngir nuy topp sunuy cér ak sunuy xemmemtéef rekk. Nun kay, danoo am jëmuwaay bu kawe – muy gëm Yàlla te jaamu ko moom dong, boole ak dund tego ci yoonu Yàlla. Njub googu mooy sabab dund gu texe te jaar yoon ci wet yépp.

Bokk na ci xereñug Yàlla gu amul àpp, mooy ne moom da noo bind, may nu am pose ngir nu xam ko, di natt sunu dund, di def sunu tànnug bopp.


Lislaam yoonu dundiin wu mat sëkk la, day jàngal jullit ñi ñu nekk ñu digg-dóomu, ñu yaru, ñuy dugal seen loxo ci pénc mi. Tëraliinu jaamu Yàlla ci lislaam yamul rekk ci julli ak ñaan Yàlla, waaye dafa làmboo jépp jëf ju Yàlla gërëm.

Bokk na ci misaal yi:


- Fàggu lu lew;
- Jàmmaarloo ak tooñ;
- Toppatoo jirim yi;
- Sàmm kéew mi;
- Muñ ak woyof;
- Amal njariñ pénc mi;
- Wormaal waa-jur yi;
- Far ak dëgg;
- Rafetal jëme ci say dëkkandoo;
- Ragal Yàlla;
- Dundal sag njaboot;
- Dëggu.

Jëfi jaamu Yàlla day laaj yéene ju dëggu ngir gërëmloo Yàlla, dees koo war a def tamit ci anam gu wér gu dëppoo ak njàngalem lislaam.

CONTENTS




















# LU LISLAAM WAX CI...

**Jigéen ñi:** Jigéen am na dayo bu kawe ci worma ci lislaam. Dañoo war a jëflante ak ñoom ci mbëggeel ak teraanga ak wegeel. Ñoom ñooy nawley góor ñi, te loolu dëgg la gog tooñ du ko dindi, noteel du ko dindi.

**Rëtal (terorisme):** Lislaam dafa tere néewal doole ñi deful dara araamal ko, ak diine juñ man a bokk. Xeex dees koo yoonal ci lislaam ngir jubluwaay yu kawe yu jaadu, ngir sàmm pénc mi, ak jële fi tooñ gu tasaaroo, te dëgëral dëgg.

**Ñam yi dagan:** Ñam yi dagan mooy yi dagan a jëfendikoo ci jullit ñi. Jur gi ak njanaaw yi dees leen a war a rendi ci anam gu jaadu boole ko ak néewal metiit wa, bu ñuy redni dañoo war a tudd turu Yàlla.

**Fi nit jaar:** Yàlla dafa bind nit ki njëkk, muy Aadama, ci meloom wu mujj wii- waaye soqikoowul ci golo gu mag ndànk-ndànk. Loolu maneesu ko saxal walla dàq ci anam gu leer jaare ko ci xamtu, ndaxte loolu xew-xew bu rààñiku la woon ci mboor (kéemtaan), kon nag, du dugg ci biir wàlli xamtug nattale.




HOTLINE
+971 56 204 2045
islamicicdxb
islamicic.com info@islamicic.com +971 4 355 5223
DOWNLOAD TATARI FLYER
www.iicdxb.com/wolof

CONTENTS




*Yónnent Yàlla*

# MUHAMMET

*(yal na ko Yàlla dolli jàmm)*

WOLOF | (02/10) | النبي محمد عليه الصلاة والسلام | FREE COPY



*Yell na nga xam nit kii!*
*Nga xam li gën a fés ciy jaar-jaaram*


جمعية دار البر
Dar Al Ber Society
www.daralber.ae

الإمارات
THE EMIRATES

*Your Path To Peace..*


مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

تصريح رقم:
(2017/139)

دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department

www.islamicic.com

CONTENTS





























# Kan mooy MUHAMMET?

## (yal na ko Yàlla dolli jàmm)

Jullit ñi dañoo gëm ne Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) mooy dog bi mujj ci càllalag yónnent yi, ki Yàlla yónni ngir mu woo nit ñi ci jaamu Yàlla moom kese, càllala googu mi ngi ëmb yónnent yu bari, bokk na ci ñoom: Aadama, Nuuh, Ibraahim, Ismaahiil, Ishaaq, Yanquub, Yuusuf, Muusaa, Daawud, Sulaymaan ak Iisaa, yal na Yàlla def ci ñoom xéewal ak mucc.

> *"Am ngeen royuwaay wu jekk ci Yonentub Yàlla, ñeel képp ku yaakaar Yàlla te gëm Bis-pénc bu mujj ba, tey tuddu, di fàttaliku Yàlla lu bari."*
>
> Qur'an 33:21

Niki noonu, jullit ñi dañoo gëm ne: Muusaa, (yal na ko Yàlla dolli jàmm), Yàlla moo wàccee ci moom Tawreet (bi Yàlla jox Muusaa te kenn soppiwu ko), Iisaa tamit (yal na ko Yàlla dolli jàmm), Yàlla moo wàccee ci moom Injiil (bi Yàlla jox Iisaa te kenn soppiwu ko), niki noonu Yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm), miñ wàccee Alxuraan ngir mu leeral nit ñi li Yàlla wax; ndax ñu am ug ragal Yàlla.

Sunu yaay Aysa (yal na ko Yàlla gërëm), dañ koo laaj melow Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm), mu tontu ne: "dafa meloon ni Alxuraan juy dox ci kaw suuf", maanaam da daan jëmmal njàngalem Alxuraan ci doxiinam saa su ne, dinanu leeral ci kanam naka la Yónnent bi fésale njàngalem Alxuraan ju tedd ji ci ay jëf yu sell.


# Ndawul Yërmande

Wooteb Yónnent bi yemul rekk ci jàngal nit ñi julli ak natt asaka, wànte yonent bi daleen daan xamal ne gëm-yàllag nit ki dafa war a làmboo jeexiit ci jëflànteem ak nit ñi, mu wax ne : "ki gën ci yeen mooy ki gën a rafet jikko ci yeen."

> *"Yónniwunu la (yaw Muhammet) ngir dara lu dul nga nekk yërmaandey waa àddina.."*
>
> Qur'an 21:107

Bari na ci njàngalem Yónnent bi lu aju ci diggante ngëm ak jëf, ci misaal lim wax ne: "ku gëm Yàlla gëm bis-pénc ba bum lor dëkkandoom, ku gëm Yàlla gëm bis-pénc ba nay teral ganam, ku gëm Yàlla gëm

CONTENTS




















bis-pénc ba nay wax aw yiw walla mu noppi." Buxaari (6018)

Yónnent Bu Mujj bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) jàngal na mbindeef yi ñu yërëmante ci seen biir, te joxante cér, Yónnent bi nee na: "ku dul yërëme kenn du ko yërëm." Buxaari (5997)

Ci beneen nettali, ñenn ci sahaaba yi dañoo sàkku ci Yónnent bi ne ko ñaanal Yàlla mu wàccee mbugalam ci yéefar yi, mu tontu ne: "man yónniwuñ ma ngir ma nekk ab rëbbekat, waaye dañu maa yónni ngir ma nekk yërmande." Muslim (2599)

# Jéggale

Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) moo gën a bari yërmande ci nit ñi, gën cee sell ab xol, bu ko kenn loree mu jéggal ko, saa yu ko nit ki gënee lor muy gën a muñ, ku man a jéllale la woon te bari yërmande, rawatina bu lépp desee ci loxoom ba mu jekku.

*Yalla nee na: "Nañuy jéggale tey jéllale. Moo xanaa bëgguleen Yàlla jéggal leen ?."*

Qur'an 24:22

Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) dafa amoon jikkoy jéggale ak baale, amul benn jalgati walla lor ju mu manul jéggale, nekkoon na royukaay bu rafet ci jéggale ak jéllale ak baale, di topp waxi Yàlla ja dëgg-dëggi topp:

*"Jéggaleel (yaw Muhammet) te nangay digle yiw, te nanga dëddu ñu réer ña.."*

Qur'an 7:199

# Yemale

Ci adiis yii di ñëw Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm), da ciy jàngal bindeef yi ne ñoom ñépp ñoo yem fa kanamu Yàlla.

Yonent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) nee na: «Seen maam mooy Aadama, te Aadama ci ban lees ko binde, ab araab gënewul ku dul ab araab lu dul ragal Yàlla, ku ñuul gënewul ku xonq lu moy ragal Yàlla.» Ahmad (23489)


*"Ki gën a tedd ci yeen, fa Yàlla, moo di ki gën a ragal Yàlla ci yeen."*

Qur'an 49:13


Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) nee na: «Yàlla du xool seen jëmm yi, du xool seen alal yi, waaye seen xol yi ak seen jëf yi lay xool » Muslim (2564)

Nettali nañu ne kenn ci sahaabay Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) dafa mas a woo moroomam ci woowin wu

CONTENTS




















jaaduwul ne ko: "Ee boroom yaay ju ñuul ji!" Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) mer ci loolu ne ko: "Ndax danga koo xas ci yaayam? Yaw de nit nga kok ag ceddo a ngi ci yaw." Buxaari (30)

# Jéllale

Nettali nañ ci meloy Yónnent Bu Mujj bi ne "Jëf ju ñaaw, daawu ko faje jëf ju ñaaw, waaye da daan baale di jëllale." Noonii la Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) daan jëflante ak képp ku jalgati àqam ak képp ku noonu jëmmam.

*"Lu rafet ak lu ñaaw du ñu yem. Na ngeen jañe (ab safaan) ci lu baax ; (soo ko defee) ki nga gënoon a noonoo dafay jekki-jekki di sa xaritu benn bakkan."*

Qur'an 41:34

Téerey lislaam yi làmboo nañ lu bari ci ay taxawaay yoy Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) manoon na faa fayyu ca ña ko lor ak ña ko def lu ñaaw, waaye ba mu jekkoo dafa baale !

Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) da daan jàngal nit ñi naka la ñuy muñe ci jàmmaarloo ak tar-tar yi ak njàqare yi, moo tax mu wax di laabiire kenn ciy sahaabaam: "ki am kàttan nekkul ki man a xeex, waaye ki am kàttan dëgg mooy kiy tëyee boppam saa yu meree" Buxaari (6114)

Jikkowoo muñ ak jéllale, tekkiwul ni jullit day nekk ku doyadi, koo xam ne du aar boppam buñ ko tooñee, Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) nee na: "Bu leen ñaan daje ak seen i noon, ñaanleen Yàlla jàmm, waaye su ngeen dajee ak ñoom nag muñ leen (amleen fulla)." Buxaaryi (2966)

# Ñeewant


Kenn ci sahaaba yi dafa wax ginnaaw bum liggéeyalee Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) fukki at, ne ku amoon ñeewant la, nee na: "Masumaa def dara bam ne ma: lu tax nga def nàngam ak nànagam? Masumaa bañ a def dara tamit bam ne ma: lu tee nga def nàngam ak nàngam" Ahmad (12784) mooy nit ki gënoon a bari ag cofeel ci nit ñi.

*"Ci sa yërmaandeey Boroom nga nooyee ci ñoom ! Boo nekkoon ku ñaaw jikko walla ku xat xol, ñu ne wuseet bàyyi la."*

Qur'an 3:159

Bokk na ci taxawaayam yiñ man a tudd fii: kenn ci soxnay Yónnet bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) ba mu meree ba ñaanal lu bon benn waay bu doon jéem a tuutal Yónnent bi ci kanamam.

CONTENTS


















Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) laabire ko ne ko: "Aysa, defal ndànk; ndax Yàlla kat ku bari ñeewant la, te dafa bëgg ag ñeewant ci mépp mbir." Buxaari (6024)

Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) wax na ne: "Ag ñeewant saa yu duggee ci mbir taaral ko, te saa yu ñàkkee ci mbir it ñaawal ko." Muslim (2594)

# Woyof

Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) fum tollu daf daan tere nit ñi ñuy jóg ngir màggal ko, fu jotaay bi yem rekk foofa la daan toog, masut a sol colka gu koy ràññee ak i sahaabaam (yal na leen Yàlla gërëm), dafa baaxoo woon di jaxasoo ak way-ñàkk ñi ak way-ndóol yi, di tóog ak ñi féete mag, di dimbali ñi seen boroom-kër faatu, ñi ko xamul sax duñ ko xàmmee bu nekkee ci digg mbooloo mi.

*"Ak jaami Yàlla yiy dox ci kaw suuf si ndànk, su ñu réer ña di wàqanteek ñoom, ñuy wax jàmm."*

**Qur'an 25:63**

Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) dafa wax ay sahaabaam ne leen: "Yàlla moo ma xamal ne: wàcceeleen seen bopp, ba bu kenn ndamu ci kaw kenn, bu kenn bew ci kaw kenn." Muslim (2865)

Bokk na ci liy tegtale ag woyofam ni mu ragale woon ñu koy jaamu walis Yàlla ! Mu wax (yal na ko Yàlla dolli jàmm) ne:

"Bu leen ma jay ni nasaraan si jaye woon Iisaa Doomi Mareem, man ab jaam rekk laa, deeleen ma wax jaamub Yàlla bi ak ndawam li." Buxaari: (3445)

# Ngën ji boroom-kër

Sunu Yaay Soppeb Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) Soxna Aysa (yal na ko Yàlla gërëm) dafa wax ne: Yónnent bi daf daan liggéeyal njabootam, di ñaw ay yéreem, di dabb-daaxe ay dàllam, di def ci këram li ngeen di def seen kër." Ahmad (25341)

*"Nangeen di ànd ak ñoom (seen i soxna) ci njekk."*

**Qur'an 4:19**

Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) yamul woon rekk ci rafetal jëme ci njabootam, wànte da daan soññ ay sahaabaam ñuy roy ci moom, di xeñtu mbooram, muy wax (yal na ko Yàlla dolli jàmm) ne: "Ki gën a matle ngëm ci yeen, mooy ki gën a rafet jikko ci yeen, te ëpp ñeewant ci njabootam." Ahmad (24204)

CONTENTS





# Roykaay Bu Rafet

Li jiitu nii ab tënk bu gàtt la ci dundug Yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm). Ñi amoon seen gis-gis ci lislaam te jaare ko ci sikkal gi caabaal gi (këri tas xibaar) nekke saa su ne dinañu am mbetteel ci gisiin yiñ fi tudd te lépp di wane ñeewant ak yërmande.

> *"Te yaa ngi làmboo (yaw Muhammet), jikko yu màgg.."*
> Qur'an 68:4

Bu nu bëggee dégg lislaam, dina am solo nu dem ca cosaanu ay bàlluwaayam: di Axuraan ak waxi Yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) ak i jëfam. Bokkul ci ag maandu nit di àtte lislaam ci njuumte yiy bàyyikoo ci ñenn ci jullit ñi.

## Naka la ñi dul jullit waxe ci Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) ?

**Mahatma K Gandhi,** di jëwriñi politig, di njiit lu kawe ci kuréel gi doon xeex péexte ca End, dafa wax ne:

*«yiweg Yónnent bi ak ug yewwoom ak ug dëggoom ci ay digeem, ak ug demam ba jeex ak ug sellalam jëme ci ay xaritam ak i toppam, ak ug njàmbaaram ak kóolute gu mat gum am ci boroomam ak cib téereem, melo yu refet yii ñoo yombal yoon wi, jéggi gàllankoor yi, waaye du jaasi »*

**Bindkat bu Àngalteer bii di George Bernard Shaw,** biral na ne:

*"Jamono jii, amul lu àddina bi soxla lu moy waa ju mel ni Muhammet juy saafara ay jafe-jafeem. Niti diine yi dundoon ci xarnu yu digg-dómu yi, seen ug réer ak seen par-parloo tax na ñu melal lislaam ci nataal bu lëndëm. Ñoom dañu koo jàppe woon noonub diiney nasaraan, waaye yër naa mbirum waa jii, gis naa ni kéemtaan gu jéggi dayo la, xam naa ni nekkul woon noonub diiney nasaraan, li am ba des sax, dañu koo war a tudde ki xettali bindeef yi, ci sama xalaat bu yoroon mbiri àddina si tay, dina am tawféex ci saafara sunuy jafe-fafe, ci luy warlu jàmm ak texe gi bindeef yépp di mébet.*

*Bu jenn waay ju mel ni Muhammet yoroon réewi Tugal, dina ko saafara ci mboolem ay ràggam, kii dañu koo war a woowe aji-xettali niteg nit ñi."*

HOTLINE
+971 56 204 2045
islamicicdxb
islamicic.com info@islamicic.com +971 4 355 5223
DOWNLOAD TATARI FLYER
www.iicdxb.com/wolof

CONTENTS

# IISAA:
## Yónnenteb Yàlla la

WOLOF | (03/10) | النبي عيسى عليه الصلاة والسلام | FREE COPY

***Jullit ñi dañoo sopp Iisaa***


جمعية دار البر
Dar Al Ber Society
www.daralber.ae

الإمارات
THE EMIRATES


*Your Path To Peace..*

مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

تصريح رقم:
(2017/139)
دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department

www.islamicic.com

CONTENTS














Ay milyoŋi nit ci àddina wërngël dañoo sopp jëmmi Iisaa, téewul amna lënt-lënt ak jaxase gu rëy ci jëmmam ju màgg ji. Jullit ñi ak nasaraan si ñépp a jox Iisaa wàccuwaay bu kawe ak wegeel, waaye dañoo wuute ci melal ko ak xamle mooy kan wuute gu rëy ba mel ni yàlla ak yaali !

Jukki bii nag dafa bëgg a leeral masala yi aju ci jëmmi Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm): Ndax Iisaa Yàlla la woon? Walla ndax ndawul Yàlla la woon?, Kan mooy Iisaa ca dëgg-dëgg?

# IISAA NIKI YÀLLA

Ñi ëpp ci nasaraan si dañoo njort ne "Iisaa Yàlla la" walla benn cér la ci ñattaleef gi - ci ne Yàlla dafa Yor jëmmam ci kaw suuf, ci ne Yàlla dafa yor melow mbindeef.

Ànd ak loolu yépp, bunu sukkandikoo ci téereb nasaraan si di Biibul, Iisaa dafa juddu, di lekk, di naan, di julli, xam-xamam am yemukaay, te xamul mbooleem mbir yi, te melo yii yépp yellut ci Yàlla.

Boroom bi (tudd naa sellam ga) dafa melowoo ag mat sëkk, melowoo ab màggaay, wuute ak nit miy safaanub loolu, ñu mooñaale ko ak matadi; kon ñaar yu juuyoo nii naka lañ man a dajee ci wenn waxu, ci jenn jëmm?

Lislaam da nuy jàngal ne Yàlla (mu màgg mi) day melewoo ag mat sëkk ci lu sax dàkk. Kon gëm ne Yàlla doon na mbindeef, mooy jàpp ne Yàlla day nekk, walla dafa nekkoon (ci senn saa ci jamono ji) ku matadi, daldi yor meloy ku doyadi, te loolu jomb na ci moom. Kon nasaraan bi war naa laaj boppan ne: ndax day gëm Yàlla joo xam ne amoon nay jamono mu nekk xale bu doyadi te lott, walla mbindeef moo xam ne manut a dund bàyyi lekk, mbaa naan, mbaa nelaw, muy nekk moom ci jëmmam Yàlla mu màgg mi ñuy melal ca Tawreet? Déet xanaa kay !

Nit man naa laajte "Bu Yàlla manee lépp kay, lan moo tax du man a doon mbindeef?"

Bu nu sukkandikoo ci ni nu xamlee Yàlla, Yàlla du doxale ni mbindeef yi di doxale, xew-xew yi manuñoo niroo ci seen i jëf ak seen i melo; ndax Yàlla du def lu dul luy tegtale ag mat, du melowoo lu dul luy wane ag màggaay. Bu Yàlla mujjee doon kenn ci ay mbindeefam, walla mu yor aw meloom, kon nekkatul Yàlla, ci lu wér.

Yenn laaya yu nekk ci Biibul miy téereb nasaraan si manees na koo jëfandikoo ci anam gu jaaduwul ba saxal ne Iisaa Yàlla la ci nii walla ci naa. Waaye bu nu xoolee laaya yi nekk ci Biibul, danuy fekk ne day tegtale ay yooni yoon, ci lu ne fàŋŋ te leer, ne Iisaa nit la ku Yàlla yónni, du leneen lu dul loolu. Biibul bi am na laaya yu bari yoo xam ne Iisaa da fay waxe ak di fa jëfe ni Yàlla dafa teqalikoo te fasantikoo ak moom. Ci misaal:

- Iisaa "daldi rot sëpp kanamam sujóot." [Matee 26:39] Bu Iisaa nekkoon Yàlla; ndax xel dina nangu Yàlla di sëpp kanamam di sujóot? Ak jan Yàlla la doon sujóotal?!
- Biibul bi ci nasaraan yi day woowe Iisaa ab yónnent [Matee 21:10-11], Kon naka la Iisaa manee nekk Yàlla nekk ab yónnent ci wenn waxtu wi?

CONTENTS




- Iisaa nee na: “maa ngi dem ci sama baay, ndax sama baay moo ma gën a màgg.” [Yohannaa 14:28]
- Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) nee na: "Maa ngi yéeg jëm ci sama baay, di seen baay, di sama Boroom di seen Boroom." [Yohannaa 20:17] Bu dee Iisaa Yàlla la, kon lu tax mu naan: “sama baay, di seen baay, di sama Boroom di seen Boroom”? Ak ci kan la yéeg jëm?

Bu Isaa nekkoon Yàlla, kon day wax nit ñi, ci lu leer nàññ, ne leen ñu jaamu ko, kon da leen di wëlbati, ci lu ne fàŋŋ, ngir ñu def ko Buur, te kon laayay Biibul tegtale loou, ba mu mujj bokk ci laaya yi gën a dëggu ci bunt boobu, waaye moom digalut kenn mu jaamu ko, te nanguwul kenn jox ko melow Yàlla Boroom bi, dafa wax sax ne: “Te ñi ngi may jaamu, ci ag neen.” [Matee 15:9]

## “DOOMU YÀLLA”

Ñi ëpp ci nasaraan si dañoo jàpp ne Iisaa doomi Yàlla la. Loolu lu miy tekki? Jomb na lool ci Yàlla muy am doom. Doom-aadama, doom-aadama lay jur, niki noonu lay deme ci mbooleem mbindeef yi, Waaye, ca dëgg-dëgg (Yàlla am na doom) lu miy wund?!

> *“Yellul ci Yàlla muy jàppe kenn doomam. Cëy sellam ga ! Bu bëggee menn mbir, Danaan : “Nekkal !” mu daldi nekk.”*
>
> Qur'an 19:35


Ba laa nu fee nekk di firi baat bi ci piri mu njëkk mi, danuy gis ne baat bii di “Doomu Yàlla” waxiin la wuñ daan jëfandikoo, ci anamug tagg, ci làkk yu njëkk yañ bindoon Biibul, ngir junj ci “Nit ku baax”, te jëfandikoo nañ ko ci benn Téere bi ci jëmmi Daawuda ak Sulaymaan ak Yanqooba, waaye yemul rekk ci Iisaa: "...Israayiil mooy sama doom, dib taaw." (Téereb Génn ga 4:22). Ca dëgg-dëgg baatub ‘doomu Yàlla’ da doon junj di melal képp ku baax rekk ci niti Yàlla ñi, muy góor mbaa muy jigéen: “Mbooleem ñiy wommatu, ci yërmandey Yàlla, ñooñee doomi Yàlla lañ, di góor mbaa jigéen.” [Bataaxelu Póol ñeel waa Rom 8:14]

## "BAAY JI AK YÀLLA JI"

Niki noonu, baatub ‘Baay’ saa yuñ ko waxee, deesu ko jàppe li muy tekki ci kaw; ndax dañ ko doon jëfandikoo ngir tegtale ne Yàlla mooy Aji-Bind lépp di Aji-Wërsëgal. Laaya yu bari rot nañ di firndeel ne baatub ‘Baay’ noonu lañ ko daan jëfandikoo, ci misaal: “Jenn Yàlla ak benn Baay bu ñeel ñépp.” [Bataaxelu Póol bu ñeel wa Afsis 4:6]

Rax ci dolli, ay dongoy Iisaa dañ ko daan woowe “Buur”. Waxiin woowu dañ ko daan jëfandikoo ci làkki cosaan yu Biibul, daan ci jublu Yàlla, daan ci jublu it nit ñi am wàccuwaay bu kawe. Ci misaal, Biibul biñ bind ci làkku Gereg, baatu “kyrios” dañ koy jëfandikoo muy tekki ‘Buur bi’, di tekki nit ku tedd (Matee 20:8), niki noonu di tekki it sang buy dóor jaamam buy moy. (Luqaa 20.42-47).

CONTENTS


















Ci yenn jukki ci Biibul bi, dongoy Iisaa yi dañu ko doon woowe 'Jaamub Yàlla bi': "Boroom bi moom sunuy way-jur yal na màggal jaamam ba Iisaa." [Téereb Jëf ya: 3:13] kon lii day leeral ne baatub "Buur bi" buñ ko jëmalee ci Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm), liñ ci jublu mooy teral, waaye du jàppe ko Yàlla.

# IISAA: YÓNNENT YÀLLA BI

Yahóot yi dañoo weddi ne Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) mooy Masiih miñ doon xaar, te loolu day woroo ak njàngalem diiney nasaraan ji nga xam ne dees fay jaamu Iisaa jàppe ko Yàlla walla doomi Yàlla. Lislaam nag diine ju digg-doomu la ci diggante ñii ak ñee; ndax dafa saxal ne Iisaa mooy Masiih, di yónnenteb Yàlla bu tedd, te mooy Masiih miñ doon xaar, waaye jullit ñi nag duñ ko jaamu, ndax ag jaamu moom du ñeel kenn ku dul Yàlla, Moom rekk , Moom mi bind Iisaa bind mbooleem mbindeef yi.

> *"[Iisaa] daldi ne : "Man dey jaamub Yàlla laa. Jox na ma Téere ba, def ma ab yónnent.""*
> Qur'an 19:30

# JUDDU GU KÉEMTAANE GI

Buñ sukkandikoo ci Alxuraan, Yàlla moo jox Jibriil melow nit yónni ko ci Maryama Xiig ba, mu xibaar ko ne dina jur doom ci kéemtaanug Yàlla, te du sëy ak mbindeef.

*"Malaaka ma [Jibriil] ne ko : "Man dey ndawul sa Boroom laa [damaa ñëw] ngir may la doom ju sell".*

*Mu ne ko : "Man naka laay ame doom, te génn góor masumaa laal, te duma ku baaloy ? "*

*Mu ne ko : "Loolu la sa Boroom wax ! Te lu yomb la ci Man ! Lii dafay doon kéemaan ci nit ñi, ak yërmaande wu bawoo fa Yàlla. Dogal ba sotti na"*

Qur'an 19:19-21

Ñenn ñi dañoo njort ne juddoom bu kéemaane boobu mooy màndarga miy wane ne mooy Yàlla.

Ak lu man a xew, Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) nekkul mbindeef mi njëkk a ñëw ci kaw suuf, ci lu dul muy am baay, Aadama (yal na ko Yàlla dolli jàmm) moo ko jiitu te jaarul ci nday ak baay.

Yàlla nee na:

*"Mbiri Iisaa ca Yàlla, dafa deme ni mbiri Aadama, dafa koo bindee ci suuf ba noppi ne ko "Nekkal" : mu nekk.*

*Dëgg ca sa Boroom la jóge. Bul bokk ca ña cay werante.."*

Qur'an 3:59-60

Bu fekkee dañuy jaamu Iisaa ngir ne dafa juddu te amul baay; kon kay Aadama moo war a gën a yeyoo jaamu, ci lu amul sikki-sàkka, ndax moom dafa juddu te amul nday amul baay !

CONTENTS




















# KÉEMTAANI IISAA YAL NA KO YÀLLA DOLLI JÀMM

Kéemtaani Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) yamul rekk ci juddu ci ludul baay, Yàlla jaarale na ci loxoom lu bari ci ay kéemtaan yu doy waar, ci kàttanam, tudd naa sellam ga.

Bi muy nekk liir la wax ak nit ñi ngir setal yaayam ci tuumay njaaloo. Alxuraan it wax na ne Iisaa daf daan dekkil way-faatu, ci kàttanu Yàlla, di faj ku siti ak ku gumba, ci kàttanu Yàlla.

Li kéemtaan yooyu jaar ci moom nag, tekkiwul dara lu moy ne moom jaamub Yàlla la woon, di ab yónnent bu dëggu te wommatu jëm ci Yàlla mu kawe mi te màgg. Te wax dëgg, lu bari ciy kéemtaan jaar na ci loxoy yónnent yi, ku ci mel ni: Nuuh, Muusaa ak Muhammet (yal na leen Yàlla dolli jàmm), te mbooleem kéemtaan yi jaar ci mbooleem yónnent yi, ci ndigalu Yàlla ak kàttanam la ame; ngir leeral dëggug yónnent boobu, ak dëgëral ab wooteem ak ug yónnenteem.

# WOOTEB IISAA

## (YAL NA KO YÀLLA DOLLI JÀMM)

Dina yell ñu fàttali ne yónnent yi jiitu Iisaa, ku ci mel ni Ibraahiim, ak Nuuh ak Yuunus masuñoo woote ne Yàlla mooy ñatteelu ñattaleef yi, te masuñoo gëm ne Iisaa mooy seen xettal.

Seen ub woote dafa leeroon nàññ ne jantub njolloor, ci asamaan su amul benn niir. Di seede ne amul benn buur bu dul Yàlla, te kenn ku dul Moom yeyoowul ag jaamu.

Xel ak xalaat nanguwul, Yàlla di yónni ay junniy yónnent , ci diirub ay junniy at, ci benn pas-pas bi ak benn woote bi ba noppi xëy rekk soppi lépp ! Di wax naan Yàlla mooy ñatteelu ñattaleef yi, walla naan Iisaa mooy doomam, ba noppi naan pas-pas boobu rekk mooy pas-pas biy tax a mucc.

Liy dëgg gu wér, mooy Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) lim doon woote mooy la mbooleem yónnent ya ko jiitu doon woote, ci lu amul soppi, mbaa weccee, walla soppat mbaa folli.

Biibul am na seede suy feddali dëgg-dëggi woote boobu ak lim làmboo, li ko lal ak dayoom, loolu mooy bi benn waay laajee Iisaa ne ko: “lan mooy li jiitu ci ndénkaan yi? Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) tnotu ko ne: “Diglu ma yaw Israayiil, li jiitu ci ndénkaan yi mooy ne: Yàlla sunu Boroom benn Buur La.” [Marqos 12:28-29]

Kon, bu nu sukkandikoo ci njàngalem Iisaa, ndénkaan li gën a màgg, ak pas-pasu cosaan mooy ne “Yàlla kenn la”. Bu Iisaa nekkoon Yàlla man a wax ne “Man maay Yàlla jaamu leen ma”, waaye defut loolu, ndax da doon baamtu laayay Tawreet yiy feddali wéetug Yàlla mu kawe mi.

CONTENTS




Te loolu moo dëppoo te méngoo ak wooteb Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) te moo méngoo ak njàngalem lislaam, nga xam ne Iisaa day nekk ndaw lu bawoo fa Yàlla jëm ci Banóo Israayiil, yor kem woote biñ yónni mbooleem yónnent yi, mu jëm ci mboleem mbindeef yi, te mooy ne amul benn buur bu yeyoo jaamu bu dul Yàlla.

Iisaa ku wommatu la woon ku dégg ndigali Yàlla yi niki ab yónnent ak ub jaam ci jaami Yàlla yi, ni ko jullit bu nekk di defe, nga xam ne jëmmam, ag jubloom, ay waxam ak jëfam lépp ñeel na Yàlla.

> *"Ba Iisaa dikkee ànd ak i firnde, nee na leen : "Indil naa leen xam-xamu xereñ ak it ngir ma leeralal leen lenn ci li ngeen di juuyoo. Ragalleen Yàlla te topp ma. Yàlla moo di sama Boroom di seen Boroom. Na ngeen ko jaamu. Lii mooy yoon wu jub wa xocc."*
>
> *Qur'an 43:64*

# IISAA CI LISLAAM

Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) ab yónnent la ci yónntey Yàlla yi, Yàlla da koo yabal ngir mu woo nit ñi ci wéetal Yàlla.

Loolu fés na ci Biibul bi, Alxuraan tamit saxal na ko. Pas-pasu lislaam ci Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) day leeral naka la Iisaa nekke woon ab yónnent bob ay kéemtaan day jaar ci loxoom, waaye ci noonu tamit muy wattu ak a sàmm wéetug Yàlla gi ak matam gi.

Noo ngi lay woo nga yokk sab gëstu ak sag luññutu ci lislaam. Ndax nekkul rekk jeneen diine, waaye mooy woote bi Yàlla yónni woon Nuuh ak Ibraahiim, ak Muusaa, ak Iisaa, ak Muhammet (yal na leen Yàlla dolli jàmm ñoom népp). Lislaam li muy firi mooy 'wommatu jëm ci Yàlla' te loolu doxaliinu dund wu mat sëkk la, wuy soññ nit ki ci mu rafetal digganteem ak Yàlla, ak jëflanteem ak nit ñi. Lislaam da nuy jàngal ne Yàlla Aji-Maandu la, Aji-Yërëme la, soxlawul di jotoo boppam, walla doomam, ngir jéggale ay ñaawtéef ak muur ay musiba, te du bindal kenn benn feppu bàkkaar ci lum deful. Kenn ku nekk, Yàlla sa jëf rekk la lay fay, nit ku nekk lam fàggu rekk lay am.

Lislaam da nuy jàngal nu sopp mbooleem yónnent yi te wegleen, waaye sunu cofeel ak sunu wegeel jëm ci ñoom, warul tax nu jaamu leen, jaamu moom Yàlla rekk lañ koy def.

Gëm ne Iisaa ndawul Yàlla rekk la, ak dugg ci diiney lislaam tekkiwul ne dangaa génn ci njàngalem Iisaa, loolu kay mooy cosaanu njàngaleem sax, di woteem bu njëkk ba (yal na ko Yàlla dolli jàmm).

HOTLINE
+971 56 204 2045
islamicicdxb
islamicic.com info@islamicic.com +971 4 355 5223
DOWNLOAD TATARI FLYER
www.iicdxb.com/wolof

CONTENTS



*Kan mooy*

# YÀLLA

*ci lislaam*

WOLOF | (04/10) مفهوم الإله في الإسلام | FREE COPY

*Amul ku gën a màgg Aji-Bind ju kawe ji (tudd naa sellam ga)*


جمعية دار البر
Dar Al Ber Society
www.daralber.ae

الإمارات
THE EMIRATES

*Your Path To Peace..*

مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

تصريح رقم: (2017/139)
دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department

www.islamicic.com

CONTENTS






# NDAX YÀLLA AM NA?

Bari na ay firndey xel yuy tegtale wérug gëm ne dénd bii am na Yàlla, dinanu ci indi ñatti firnde yii di bëgg a ñëw:

## 1. Nosteg dénd bi.

Janeeral ne yaa ngi dox ci tefes gu gudd, ba ci yàgg nga yam ci ab montar bu nekk ci beeñ bi, su boobaa doo mas a def ci sa xel ne montar bi kat dafa jekki-jekki rekk sos boppam nekk ci beeñ bi ci tandale gu kenn jubluwul, doo jàpp ne montar bi ak yu sew yu duggante yiñ ko defare, dafa soqikoo ci yuñ suuloon ci suuf si rekk mu màgg doon montar.

Montar bii fàww mu am ku ko defar, ku ko amal, te bu dee montar bii defar gi ak amal gi am na jubluwaay, te mooy di wane waxtu wi jot tembe, kon ki ko defar fàww boroom xam-xam la war a nekk, te xam nga ne tandaley mbindaare gi rekk du mas a jur mantar buy dox ci nose gu wér te jub.

Bu nu xoolee suuf si, danuy gis ne ni miy wëre jant bi, dañ koo saytu takk ko ci waxtu wu wér céŋŋ, moo may woroom xam-xam yi ñu man a dàkk waxtu wi jant bi di fenk ak wi miy so njëkk muy jot.

Niki nga xame ne montar bi manul a ñàkk aji-defar ju am xa-xam juy takk ay waxtoom ci lu wér, naka noonu suuf si manul a ñàkk aji-bind ju am xam-xam juy saytu ci lu wér waxtu yi muy wër jant bi, ndax loolu lépp man naa amal boppam moom cundum?

Ci noonu, sunu gisee noste yi ak tëraliin yu sew yi nekk ci nun, nekk ci mbooleem wàlli dénd bi, xanaa xel dina nangu ne dénd bii am na ku koy nose? Xanaa du piri mi gën a leer ci "aji-nose" jooju mooy Yàlla ju doon Kenn di Aji-Amkàttan, kok moo bind dénd bi nose ko?!

## 2. Sosug dénd bi


Xam-xam bu yees bi àgg na ci nangu ne dénd bi am na ndoorte, teg ko ci li mujj a feeñ ci xam-xam ci ne àdduna bi day tàwwiku, bu jamono dellu woon ginnaaw dénd bi day demaat ba àgg ca ndoorte la. Am na ñatti piri yu jamtal ngir sosug àdduna bi te ñooy:

*Nattukaayu doom-aadama moo nu xamal ne mbir yi am ndoorte yépp manuñoo sosoo ci ag neen.*

1. Àdduna bi ci ag neen la sosoo,
2. Àdduna bi moo sos boppam,
3. Àdduna bi daa am ku ko sos.

















Bu dee pirim ñaareel mi nag; xel mu sell moo nuy wax ne dara manut a def dara njëkk muy sosu. Loolu li miy tekki mooy pirim ñatteel mi mooy menn piri mu xel nangu ci sosug dénd bi, te mooy ne: Yàlla juy Aji-Sàkk, di Aji-Man, di Aji-Xereñ tey Aji-xam moo ko bind nose ko.

Man naa am nit laajte ne waa "ku sàkk Yàlla?"

Yàlla miy Aji-Sàkk ji bokkul ak i mbindeefam, bu meloon ni mbindeef yi, kon du ñàkk mu soxla yàlla ju ko sàkk, te loolu day indi ag càllaloo gu amul yemukaay ci ay yàlla yuy sàkk, tu loolu manul a nekk. Yàlla miy Aji-Sàkk tënkuwul ci jamonoy dénd bi bi tënkuwul ci bërëb, ku sax ag nekk la, moo jiitu te amul fum tàmbalee, moo mujj te amul yamukaay, kon laajte ku sàkk "Aji-Sàkk" ji laaj la bob xel nanguwu ko te yenuwul maanaa.

## 3. Wahyu wi bawoo fa Yàlla

Am na ay firnde yu leer ci ne téereb lislaam bii di Al-Xuraan waxi Yàlla la. Dinanu leen indil ab tënk ci cëslaay yiy dëgëral loolu:

> *Bu Yàlla wàccee ab téere ngir gindi nit ñi, du man a ñàkk mu làmboo ay firnde yu leer ci nekkug Yàlla.*

- Ba Alxuraan wàccee ak leegi ëpp na 1400i at, teewul mi ngi ëmb ay xam-xam yu wér yoy nit ñi xamuñ ko woon ca waxtu yooya, waaye ginnaaw bi la fa xam-xam àgg, lu ci mel ni: nekk gi ndox nekk cosaanu ndundat yépp, (mi ngi ci saaru Al-Anbiyaa: 30), ak ni dénd bi di tàwwikoo (mi ngi ci As-Saariyaat: 47), ak ni ku ne ci jant bi ak weer wi ame yoonu boppam (mi ngi ci Al-Anbiyaa: 33)
- Alxuraan làmboo na lu bari ci ay xew-xewi mboor yu wér yoy nit ñi xamuñ ko woon ca jamono yooya, ak yeneen yum séentu woon yu mujj sax ginnaaw bi.
- Alxuraan amul benn njuumte walla ay mbir yu juunu.
- Alxuraan dees koo sàmm baat ak baat, bam wàccee ci làkku araab wii di cosaanam ba leegi, wuute ak yeneen téere yi nga xam ne nekkatul ci anamug cosaan gam wàcce woon.
- Alxuraan dafa ëmb bataaxel bu leer, set, daj àddina, ba noppi di wàqante ak xel ak pas-pas yu am cësalaay ñeel Yàlla mu kawe mi (tudd naa sellam ga).
- Alxuraan dees koo wàccee ci Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) mi nga xam ne ferul woon ijj, waaye téewul mu làmboo waxiin wu mucc ayib, te ñu xam ko ci àddina si ba jàppe ko la gën kawe ci wax ju jot ak làmmiñ wu taaru.

> *Manees naa jàpp ne piri mi xel gën a nangu ñeel ràññiku gi ci Alxuraan ak kéemtaan gi; mooy ne: ca Yàlla la jóge.*

CONTENTS






# Kan mooy Yàlla?

"Allaah" mooy turu jagoo wi ñeel Yàlla miy Kenn, di Dëgg, kenn manul a tudde leneen tur wii di "Allaah". Te tur la wow amul ci anamug barileef walla anamug jigéenal, wuute ak baatu "god" ci làkku àngle, ndax moom manees na koo indi ci barileef walla jigéenal, niki: (gods) walla (goddess).

> *"Seen Yàlla jii, jenn Yàlla rekk la. Amul jeneen yàlla ju dul Moom."*
> Qur'an 2:163

Jëfandikoo gu ràññiku googu ñeel baatub "Allaah" ci lislaam day wane dayo bi lislaam di féddali ak a suuxat pas-pasu wéetal Yàlla mu kawe mi.

Li gën a taaru ci lislaam, te léppam taar la, mooy saxal mbooleem meloy mat ak màggaay ak wéet ñeel Yàlla mu kawe mi, loolu day gën a fése ci njàngalem lismlaam mi jëm ci Yàlla mu kawe mi (tudd naa sellam ga) ak i meloom ak i turam.

## Yàlla Kenn rekk la:

- Yàlla mu kawe mi amul bokkaale amul maas amul màppandoo.
- Yàlla amul baay, amul nday, amul doom ju góor, amul doom ju jigéen, amul soxna.
- Yàlla dong moo yeyoo jaamu.
- Bu doon lu ëpp benn Yàlla moo am; loolu dina gàllankoor seen kàttan ak seen sañ-sañ ci àdduna bi, ndaxte fàww rekk juuyoo walla xëccoo ak yeneen yàlla yi am.

## Yàlla mooy Aji-Man ji:

- Ci loxob Yàlla la mbooleem mbir yi nekk, te moom mooy Aji-Man lépp ji.
- Lépp loo gis, mibram mi ngi ci loxo Yàlla (tudd naa sellam ga), te Yàlla moo koy wommatal wërsëgam.
- Jaamug aji-topp du jariñ Yàlla, waaye moyug aji-moy tamit du lor Yàlla .

## Yàlla mooy Aji-Kawe:

- Yàlla (tudd naa sellam ga) dara du ko féete kaw, dara du ko niru.
- Meloy Yàlla yi niroowuñ ak meloy ay mbindeef.
- Yàlla amul takkndeer ci kenn walla ci lenn.
- Yàlla ay meloom dafa mat sëkk, te tënk yiy lottal mbindeef yi du dal ci kawam, niki ko yeneen diinee yi di njorte, naan dafa bind asamaan ak suuf ci juróom benni fan, daldi noppalu ca bisu juróom ñaareel ba.

## Yàlla mooy Aji-Maandu di Aji-Yërëme:

- Yàlla soxlawul di tayle boppam ngir man a jéggale ay bàkkaar, ndax kenn du judduwaale bàkkaar bum deful.
- Nit ku ne Yàlla ci jëfam dong la koy àtte, ku nekk la nga fàggu rekk ngay am.
- Ci jaamu Yàlla ak jëf ju baax, la nit ñi di àgge ci Yàlla, waaye du ci xeet, walla bokk ci yax bu rëy, walla bari koom.

CONTENTS




# JËMMI IISAA
## (yal na ko Yàlla dolli jàmm)

Ñu bari ci nasaraan si dañoo gëm ne “Iisaa mooy Yàlla”, walla mooy ñatteelu ñatti yàlla yi, walla mooy jëmmal Yàlla ci kaw suuf, walla mooy Yàlla ju yor jëmmi nit.

Ak loolu lépp, bu nu sukkandikoo ci Biibul bu nasaraan si, Iisaa dafa juddu di lekk di naan di nelaw di julli, te amul woon xam-xam bu yaatu bu peeg fànn yépp, te melo yooyu yéllul ci Yàlla. Yàlla dafa am melo yu mat sëkk, te nit moom dafa matadi, kon naka la menn mbir manee nekk ci ñaar yu woroo ci wenn waxtu? Loolu bokkul ci mbir yi xel nangu.

> *Bu nu bëggee leeral dëgg-dëggi Yàlla ci lislaam, day am solo nu xam jëmmi Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm), ndax dafa am ay lënt-lënt ak i tuuma yu yaatu yu aju ci jëmmam ji.*

Ànd ak loolu lépp, nit man naa laajte ne "bu dee Yàlla man na lépp kay; lu koy tee man a jekki-jekki doon nit?" Ci niñ ko xamlee, Yàlla dafa doon koo xam ne ay jëf yu dul jëfi Yàlla du gongikoo ci moom, loolu a tax bu Yàlla  mujjee doon nit, ba yor meloy nit rekk, liñ xam mooy dootul man a nekkati Yàlla mukk.

Rax ci dolli, téereb nasaraan yi, di Biibul, dafa làmboo ay laaya yu bari yoy Iisaa da cay waxe ak di ca jëfe ni moom jaamub Yàlla la, te moom ak Yàlla dañoo fasantikoo, ci misaal, wax na ne "Wànte yeen dangeen maa bëgg a faat leegi, te man nit laa ku leen di wax dëgg gi mu jële fa Yàlla" [Injiil bu Yohannaa 8:40].

Ñu bari ci nasaraan si dañoo gëm ne “Iisaa doomi Yàlla la”, kon dina yell nu laaj sunu bopp loolu lu muy wund ca dëgg-dëgg?

Wér na céŋŋ ne jomb na ci Yàlla muy am doom ju ne léŋŋ, ci geneen anam nag, fekk nanu baat bii di “Doomi Yàlla” ci làkk yu yàgg yi ñu binde Tawreet, ñu koy jëfandikoo, ci waxiinu neexal, jublu ci “Niti Yàlla yu baax yi”. Jëfandikoo nañ ko ci laaya yu bari ci Tawreet jëme ko ci gaa ñu baax ñu bari, ku ci mel ni: Daawuud, Sulaymaan ak Israayiil, kon nekkul baat buñ jagleel Iisaa kepp (yal na ko Yàlla dolli jàmm).

Niki ci misaal: "...Israayiil mooy samab taaw" (Tawreet, Saaru Génn ga 4:22)

> *Alxuraan neena “Yellul ci Yàlla muy jàppe kenn doomam. Cëy sellam ga !”*
> Qur'an 19:35

Pas-pasub lislaam day leeral kan mooy Iisaa ca dëgg-dëgg, boole ko ak sàmm pas-pas bu wér ñeel Yàlla ak màggaayam ak ug wéetam ak ug matam.

Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) ab yónnent bu tedd la woon, Yàlla moo ko yónni woon ngir mu woo nit ñi ci jaamu Yàlla moom dong.

CONTENTS






## Yàlla rekk moo yeyoo jaamu.

“Nangeen jaamu Yàlla te bañ Koo bokkaale dara.” An-Nisaa: 36

Njàngalem lislaam day yittéwoo sunu jëf yépp nu jagleel ko sunu Boroom dong, amul leneen lu yeyoo jaamu ludul moom, du ay xéram, du ay bàmmeel, du jant, du weer, du ay rab, du ay yónnent, du ay nit yu baax, du ay malaaka, du ay sëriñ, du ay woroomi xam-xam. Ñooñu ñépp ay mbindeef rekk lañ, ñu tënku lañ, ag matadi ak ug lott da leen di gaar, waaye Yàlla rekk mooy ki mat sëkk.

## Jaamu Yàlla soxlawul bëkk-néeg soxlawul kuy dox ci diggante bi.

Yàlla soxlawul way-bokkaale soxlawul ñuy dox digganteem ak jaam ñi, yoon wi dox diggante Yàlla ak mbooleem mbindeef yi dafa ubbeeku, ñu koy jaamu Moom dong niki mu ko sàkkoo diglee ko noonu, Moom mi ngi dégg mbooleem ñi Koy sant, di Ko ñaan, di Ko jaamu, di Ko yaakaar. Bu dee jaamu Yàlla jaare ko ci dig-digal nag niki: (lu mel ni ay tën walla ay xéram ak mbooleem dig-digal yi) loolu day màbb tabaxub wéetal Yàlla, di màbb yeyoo gi Yàlla yeyoo jaamu moom kese.

## Mbooleem yónnent yi dañoo woote jëme ci jaamu Yàlla

“Yónni nañu ci xeet wu nekk ab Yonent [buy xamle ne]: “Jaamuleen Yàlla te ngeen moytuy xéram” An-Nahli: 36

Jullit ñi dañiy gëm mbooleem yónnent yi Yàlla yónni, niki: Aadama ak Nuuh, ak Ibraahima, ak Muusaa, ak Iisaa ak  Muhammet (yal na leen Yàlla dolli jàmm). Ñoom ñépp benn bataaxel la leen Yàlla yónni muy: “Jaamuleen Yàlla amuleen benn buur bu dul moom”


## Liy jubluwaayu dund mooy nuy jaamu Yàlla

Jubuluwaay bi gën a kawe ci dund gi mooy nuy jaamu Yàlla, di ko nangul ag wéetam ak nguuram, di ko jaamu moom kese, di sàkku ngërëmam moom kese. Dëgg-dëggi jaamu Yàlla ci lislaam yamul rekk ci ndigal yi mel ni julli ak woor, waaye day ëmbaale mbooleem lu Yàlla bëgg te gërëm ko ci jikkoy nit ñu baax ñi, ak jëfi way-topp yi, ak muñug liggéeykat yi, ak rafetal jëme ci way-ñàkk ñi ak way-ndóol ñi.

Ngir jeexal, cëslaayu lislaam mooy pas-pasub kennal Yàlla wéetal ko, moom Aji-Bind jiy Boroom lépp, ki làmboo melo yu mat yi, ki yeyoo jaamu moom dong. Ci loolu la sunu texe ak sunu tekki aju àddina ak allaaxira.

HOTLINE
+971 56 204 2045
islamicicdxb
islamicic.com   info@islamicic.com   +971 4 355 5223
DOWNLOAD TATARI FLYER
www.iicdxb.com/wolof


CONTENTS


















# ALXURAAN

## *Wahyu wi mujj ñeel mbindeef yi*

WOLOF (05/10) القرآن FREE COPY




جمعية دار البر
Dar Al Ber Society
www.daralber.ae
الإمارات
THE EMIRATES
*Your Path To Peace..*
مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام
www.islamicic.com
تصريح رقم:
(2017/139)
دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department

CONTENTS






# LAN MOOY ALXURAAN ?

## *KÀDDUG YÀLLA*

Alxuraan mooy waxi Yàlla ji mu wàccee ci yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) jaare ko ci malaaka mii di Jibriil.

*"[Lii mooy] wàcceg Téere ba bawoo ca Yàlla, miy boroom Kàttan, di ku Xereñ."*

Qur'an 39:1

## *GINDI MBINDEEF YI*

*Ci tënk daal Alxuraan mooy "njub ci nit ñi ak faramfàcce [diggante dëgg ak i fen] ci njub."*

Qur'an 2:185

Alxuraan mooy cëslaay liy jubbanti mbindeef yi, ngir ñu ràññee ak teqale diggante dëgg ak neen, te mooy li nga xam ne bu ko nit xàmmeewul dina sànku ci àllub réer.

## *WAHYU WU MUJJ WI*

Alxuraan mooy téere bi Yàlla mujj a wàccee, muy dëggal ak a feddali li des ak us néew ci dëgg te nekk ci ay jukki ci téerey Yàlla ya jiitu, di nasaxal ak a jubbanti sos ak ndollen yi rax ci mól yi fi nekk nii te ñeel téerey Yàlla yu njëkk ya.

*"Éy yéen ñi jotoon Téere, gëmleen lii Nu wàcce, di dëggal li ngeen yor"*

Qur'an 4:47

# NAKA LA ALXURAAN WÀCCE?

Alxuraan dafa wàcc ci Muhammet (yal na ko Yàlla doli jàmm) nekk ci làkk wa mu wàccoon rekk di làkku araab, téewul nag, tekki maanaam Alxuraan jàppandi na ci làkk yu bari.

Alxuraan wàccandoowul benn yoon, nekk téereb lëmm, waaye da doon wàcc ci diirub 23i at.

Loolu a tax, manut a ñàkk nu xam xew-xew yi nga xam ne ci la laaya yi doon wàcc; ngir nu man a dégg Alxuraan dégg gu wér, bu dul loolu rekk man nanoo juum ci dégg am njàngaleem.

CONTENTS





# NAKA LAAY XAME NE CI YÀLLA LA JÓGE?

## *WATTU GI*

Alxuraan mooy benn téereb diine bi nga xam ne joqalante naŋ ko diir bu yàgg, téewul mu des di set wécc ni bis ba mu wàccee. Amul yokk, amul wàññi, amul soppi dara, ba mu wàccee ba tay di lu ëpp 1400i at.

> *"Nun noo wàcce Téere ba [Alxuraan] te Nun noo koy wattu."*
> Qur'an 15:09

Mbir mi yamul rekk ci wattu Alxuraan ci mbind mi, waaye tamit wattu ko ci xoli góor ñi, ak xale yi, ak jigéen ñi. Jamono jii, ay milyoŋi nit ñi ngi mokkal Alxuraan fa mu tàmbalee ba fa mu yam.

## *KÉEMTAANI XAM-XAM*

Alxuraan du juuyoo ak xam-xam bu yees bii mukk, day dëgëral ay gëstoom kay, bokk na ci wàll yi gën a fés ci Alxuraan, mooy ne dafa làmboo laaya yu bari, yuy melal ci lu wér xewtuy mbindaare gi ci wàll yu fasantikoo, lu ci mel ni: xam-xamu mbeemuur (li nekk ci biir meen), xam-xam biy jàngat di fuglu jaww ji, xam-xamu biddiw, xam-xamu biir suuf si, xam-xamu géej mbàmbulaan yi. Xamtukat yi gis naŋ ne, li Alxuraan di melal dafa wér lool, ci anam gu doy waar ñeel téere bob mbooram mi ngi tàmbali ca juróom ñaareelu xarnu ba.

Ca dëgg-dëgg, lu bari ci kéemtaani xam-xam yi ñiy junj ci Alxuraan bim feeñee yàggul, ndax mi ngi jaare ci suqalikug jumtuwaayu xarala yu bees yi.

Kon jàppal lii:

- Alxuraan day melal di faramfàcce jaar-jaari nit ci biiru ndayam, te faramfàcce googu xameesu ko woon ci ñoŋ xam-xam ba bu yàgguloo.
- Xam-xam bu bees dafa feeñal ne amna ay kiiraay yuy dox diggante ñaari géej, yuy tax ñaari géej di daje ba noppi gu ci ne téye tàngaayu boppam, ak talaayam, ak cafka xoromam.

> *"Dananu leen won sunuy kéemaan ci déeléey asamaan ak ci seen bopp, ba baa ñuy gindiku ci xam ne (Alxuraan), mooy dëgg tigi.."*
> Qur'an 41:53

Kéemtaani Yàlla yii mi ngi ñu tudd ci Alxuraan mu leer nàññ, booba ak leegi ëpp na 1400i at.

CONTENTS





## ÑÀKK MOROOM GI

Ba Alxuraan wàccee ba tay kenn manut a indi wenn saar wu mel ni moom, ci ab taar, ci ag jotale, ci ag yéeme, ci ag xereñe, ci xew-xew yi muy séntu, ak yeneen ci ay melo yu matale.

Ñi nga xam ne dañoo weddi yónnent bii di Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) dañoo lajj ci li leen Alxuraan dëkk, donte sax ñu leer làmmiñ lañ ci làkk biñ bind Alxuraan, ba sun jonni tay jii kenn tontuwul dëkk googii.

> *"Bu ngeen amee sikki-sàkka ci lii Nu wàcce ci Sunu jaam bi, indileen saar wu mel ni moom [Alxuraan] te sax ñaanleen ndimbal ñi ngeen di jaamu ba jaamuwuleen Yàlla, ndegam dëgg la ci yeen."*
>
> Qur'an 2:23

## AMUL AY JUUYOO

Bu nit ñi di bind, bari waa na ñuy def ay njuumte ci bindiin ak ci nos-wax, walla ay juuyoo ci kàddu, walla ay njuumte ci jàngat walla tegtalu, ak yeneen xeeti njuumte yiy dal nit.

Alxuraan amul yenn juuyoo mukk, moo xam ci wàllu leeral gu xam-xame gi miy def ci ni ndox mi di wëre, walla xam-xamu ni nit di nekke cii biiru ndayam, walla xam-xamu biir suuf, walla xam-xamu dénd bi, ak xew-xewi mboor ak yi miy séntu.


> *"Moo ndax ñoom dañu dul settantal Alxuraan ? Alxuraan, bu jóge woon ci keneen ku dul Yàlla, fàwwu ñu gis ca ay juuyoo ciy waxam !"*
>
> Qur'an 4:82

## NDAX MUHAMMET MANU KO WOON A TAALIFAL BOPPAM?

Yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) liñ ko xame woon ci mboor mooy masut a fer ijj, manul woon a jàng manul woon a bind, jàngul genn fànn guy tax mu man a leeral téere bii, leeral gu tege ci xam-xam, dëppoo ak mboor, ànd ak waxiin wu taaru. Wérug nettaliy mboor mi ñeel xeet ak xayte yu yàgg yiñ tudd ci Alxuraan weesu na fu ko nit manee taalif, ak ku mu man a doon.

> *"Alxuraan jii nekkul lu ñu duur bàyyi Yàlla."*
>
> Qur'an 10:37


CONTENTS


















# JUBLUWAAY WAHYU GI

## *MOOY NGA GËMM JENN YÀLLA JUY DËGG.*

*“Seen Yàlla jii, jenn Yàlla rekk la. Amul jeneen yàlla ju dul moom, mooy xéewale bindéef yi ci yërmaandeem ci àddina, di Jaglewaakoonu yërmaandeem jullit ña ca àllaaxira.”*

Qur'an 2:163.

Pàcc bi ëpp solo ci Alxuraan mooy gëm Yàlla miy Kenn di Dëgg. Yàlla da nuy xamal ne moom amul bokkaale, amul doom, amul ndend, te kenn ku dul moom yeyoowul ñu koy jaamu, amul lenn lu ñuy gam-gamlee ak Yàlla mbaa ñu ko koy nirooleel ci mbindeefam yi, ndax Alxuraan day bañ gis-gis buy askanale Yàlla meloy mbindeef yi walla matadig nit.

## *DÀQ JÉPP YÀLLA JU DUL DËGG.*

*“Nangeen jaamu Yàlla te bañ Koo bokkaale dara.”*

Qur'an 4:36

Ndegam Yàlla rekk moo yeyoo jaamu, fàww ñu moytu xéram ak jaamu ag neen, ndax Alxuraan day bañ gis-gisub askanale meloy Yàlla yi ñeel jëmm walla mbir mu dul Yàlla.

## *NETTALI AY JAAR-JAAR YU WEESU*

Alxuraan dafa làmboo lu bari ci ay nettali yu ànd ak bind yu am njariñ, bokk na ci loolu dëgg-dëggi jaar-jaari yónnent ya jiitu, ku ci mel ni Aadama, Nuuh, Ibraahiim, Iisaa ak Muusaa.

Ci jaar-jaar yii la Yàlla di wax ne:

*“Seen nettali yooyu ay waaree nga ca ñeel woroom xel ya.”*

Qur'an 12:111

## *DI NU FÀTTALI BIS PÉNC BA*

Téere bii di Alxuraan da nuy fàttali ne ñépp dinañu mos dee, te dees na waññi seen i jëf ak seen i wax:

*“Danaa tëral màndaxe mu maandu ca Bis-pénc ba. Te deesul tooñ benn bakkan ci dara...”*

Qur'an 21:47

## *SOTTAL DUNDIIN WIÑ TAAMU*

Li ëpp solo nag, mooy Alxuraan day jàngale ne jubluwaayu dund gi mooy jaamu Yàlla moom dong, ak nit ki dund ag dundam teg ko ci dundiin wi Yàlla gërëm.

CONTENTS






Jaamu Yàlla ci lislaam, baat la bu làmboo mbooleem jëf ak wax yi Yàlla bëgg te gërëm ko, moo xam yu feeñ lañ walla yu nëbbu. Loolu a tax, ab jullit ci def li Yàlla digle lay jaamoo Yàlla, ci lay dëggale ab jubluwaayam ci dund gi.

Ay misaal a ngii di ñëw ci ay jaamu Yàlla yu tukkee ci Alxuraan:

**Julli:** *"Éy yéen ñi gëm ! Deeleen sëgg di sujjóot, di jaamu seen Boroom, tey def lu baax. Ndax xéy-na yéen ngeen texe !" Qur'an 22:77*

**Saraxe:** *"...deeleen joxe alal. Moo gën ci yéen de. Képp ku mucc ci ag nay (na xam ne) ñoo di ña baaxle.." Qur'an 64:16*

**Kóolute:** *"Buleen jaxase dëgg ak caaxaan, di nëbb dëgg te fekk ngeen xam ko xéll." Qur'an 2:42*

**Woyof:** *"Neel war na ci way-gëm ñi ñuy sajj seenub gis tey sàmm seen pëy" "Waxal jullit ñu jigéen ñi ne leen : nañuy sajj seenub gis, nañuy sàmm seen pëy" Qur'an 24:30-31*

**Gërëm Yàlla:** *"Yàlla moo leen génne ci seen biiri ndey, xamuleen woon dara, Mu sàkkal leen ag dégg ak ug gis, ak xel, ndaxtelee ngeen gërëm ko.." Qur'an 16:78*

**Maandu:** *"Yeen ñi gëm ! Taxawleen temm ci maandute, di seede ngir Yàlla donte seede soosu [lu naqari la] luy dal ci seen kaw, walla ci seen i waajur, walla ci kaw seen i njaboot, walla seen i jegeñaale. Su dee ku woomal la walla ku ñàkk, Yàllaay ki gën pey ci ñoom ñaar ñépp..." Qur'an 4:135*

**Muñ:** *"Nanga muñ. Yàlla dey du sànk peyug ñay rafetal.." Qur'an 11:115*

**Def aw yiw:** *"Yàlla dig na ñi gëm tey jëf lu yiw [faratAak sunna] xéewal ak pey gu rëy." Qur'an 5:9*

## TËJTE

Ci tënk, Alxuraan day jàngal nit ñi naka la ñuy jaamoo Yàlla miy Kenn di Dëgg, teg ci dëggal seen dëgg-dëggi jubluwaay ci dund gi, sottal seen mébet ci àddina ak alaaxira.

*"Wàcce Nanu ci yaw [Muhammet] Téere ba, ci dëgg, ngir nit ñi. Ku gindiku boppam ; ku réer it boppam."*

Qur'an 39:41

HOTLINE
+971 56 204 2045
islamicicdxb
islamicic.com
info@islamicic.com
+971 4 355 5223
DOWNLOAD TATARI FLYER
www.iicdxb.com/wolof

CONTENTS



# LAN MOOY JUBLUWAAYU DUND?

WOLOF | (06/10) الغاية من الحياة | FREE COPY

*Fu ma bàyyikoo?*
*Lu tax ma nekk ci dund gii?*
*Ana fuma jëm bu ma faatoo?*


جمعية دار البر
Dar Al Ber Society
www.daralber.ae

الإمارات
THE EMIRATES

Your Path To Peace..

مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

تصريح رقم:
(2017/139)

دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department

www.islamicic.com

CONTENTS






# LAN MOOY JUBLUWAAYU DUND?

Bu nuy settantal ci jubluwaayu dund, bokk na ci laaj yiy njëkk a fëgg buntub xel, mooy: Fan lanu bàyyikoo?

Ndax sunug nekk ci dund gii dafa juddoo ci njuumte ak tandaleg mindaare gi rekk? Walla dafa juddoo ci jëfi Aji-Bind juy Aji-Xereñ? Nangu ne Aji-Bind am na mooy jéegu bi njëkk ci xam jubluwaay bi dëgg-dëgg ci sunu dund gi.

Amna sabab yu bari, yu yenu maanaa te xel nangu ko, yuy wane amug Aj-Bind ji.

Dinanu ci tudd ñatt yii di ñëw:

## 1. Sosug dénd bi

Tegtal bu njëkk biy wane amug Yàlla, day aju ci nànd dëgg-dëggi sosug dénd bi.

> *Nit man naa laajte ne, "waa ku sàkk Yàlla"? Yàlla, Aji-Bindi ji, dafa wuute ak i mbindeefam. Yàlla mooy Aji-Sax ji dàkk, mooy ki fi nekkoon naka jekk te amul fum tàmbalee; Kon nag mbirum "kan moo bind Yàlla" mbir la mu xel nanguwul.*

Man ngaa janeer ne danga doon dox ci benn àll, ba ci yàgg nga yam ci ab montar, xam nanu ne montar day tëggoo ci weer ak palaastig ak mbell, weer ñi ngi ko defare ci beeñ, palaastig ñu defare ko ci petorol, mbell ñu génnee ko ci biir suuf, te mbooleem yëf yooyu am nañ ci àll bi; ndax dangay jàpp ne montar boobu moo defar boppam? Jant bi a fenk, ngelaw li upp, melax gi xuuy, petorol bi ball ba ci bitti jaxasoo ak beeñ bi ak mbell yi, ab montar soqikoo ca, ci diirub ay milyoŋi at jaare ko ci ag tandale ak tànnug mbindaare mi rekk?

Xam-xamu doomu aadama, ak xelum kese rekk, da nuy wan ne lépp loo gis mu am ndoorte rekk bàyyikkoowul ci ag neen. Loolu moo tax, piri mi gën a tege ci xel mooy ne amna Aji-Bind ju bind dénd bi.

"Aji-Bind" jooju fàww mu nekk Aji-Man, nekk Aji-Xam, ndax moo indi dénd bii bépp amal ko bam nekk, mu tëral "sew-sewi xamtu" yi koy doxal.

Man nanoo gëm it ne "Aji-Bind" jii jamono tënku ko bërëb tënku ko, ndaxte jamono ak bërëb ñi ngi tàmbalee fa sosug dénd bi. Melo yooyu yépp day jëmmal dégg-dégg bu wóor ñeel Yàlla miy Aji-Bind dénd bi. Loolu day méngoo bu baax ak xam-xam bu yees bi saxal ne dénd bi dafa am ub daytal am it ndoorte.

CONTENTS





## 2. Matug bindiinu dénd bi

Tegtalub ñaareel biy wane amug Aji-Bind juy Aji-Xam mooy nose ak tolloo gu mat sëkk ñeel sunu dénd bu fasu bii.

Ndax amna màndarga yu bari ci dénd bi yuy wane ci lu leer ne dénd bii dees koo tëgg ci anam guy taxawu dund gi, lu ci mel ni dayo bi nekk diggante jant bi ak weer wi, ak dijjaayu këllub suuf si, ak gaawaayu wër gi suuf si di wër, ak dayob ogsisen bi ci jaww ji, ba ci darajab jengaayu lefum suuf si. Daytal yooyu bu ci dara soppiku woon, lu woroo ak lim doon nii, ak lum néew néew; kenn du man a dund ci kaw suuf si.

Ginnaaw ab montar fàww mu am ku ko defar kuy Aji-Xam, ngir muy takk waxtu wi bu wér, niki noonu tamit suuf si fàww mu am ku ko defar kuy aji-xam ngir muy sàmmonte ak waxtu wi miy wër jant bi ci lu wér. Ndax loolu man naa defu moom ci jëmmi boppam kese?

*Bu Yàlla wàccee téere buy gindi nit ñi, fàww téere boobu làmboo ay firnde yu leer yuy saxal amug Yàlla.*

Bu nu gisee ag nosu ak i sew-sew, ak ay noste yu wóor, ci sunu biir jëmm, ak ci mbooleem li wër dénd bi, ndax xel du nangu mu am ku koy nos? Piri mi gën a jub ñeel 'Aji-nos' jooju mooy saxal amug Yàlla miy Kenn, mi amal nose gii.

## 3. Wahyu ci Yàlla la bàyyikoo


Tegtalu ñatteel biy saxal amug Yàlla nag, mooy dëggi-ëggi wahyu wi Yàlla di yónnee ci mbindeef yi ngir màndargaal ag nekkam.

Amna ay firnde yu leer ci ne téereb lislaam bii di Alxuraan waxi Yàlla la.


Ab tënk a ngii ci firnde yiy dëgëral loolu.

- Ba Alxuraan wàcce ak leegi ëpp na 1400i at, téewul ëmb na lu bari ci xam-xam yu wér yoy xameesu ko woon ca jamono jooja, waaye ginnaaw bi lees ko xam, jaare ko ci xamtu. Bokk na ci misaal yiy dëggal loolu mooy lim saxal ne: Ndox mooy cosaanu ndundat yépp (Al-Anbiyaa: 30); Dénd bi day tàwweeku (As-Saariyaat: 47); Ak lef yu bokkul yi ñeel lu ci ne ci jant bi ak weer wi (Al-Anbiyaa: 33).
- Alxuraan ëmb na lu bari ci xew-xewi mboor yoy nit ñi xamuñ ko woon ciy jamonoom, rax ci dolli xew-xew yu bari yum séntu ne dina ñëw, mu ñëw na mu ko séntoo.
- Alxuraan amul yenn njuumte, walla ay juunu-juunu, donte ci ay dog-dog la wàcci diirub 23i at, wax lu yaatu ci fànn yu fasantikoo.
- Alxuraan dees koo wattu baat ak baat, bam wàccee ci làkku cosaanam wii di araab ba leegi, wuute ak yeneen téere yi nga xam ne seen cosaan amatul.

CONTENTS




















- Alxuraan dafa làmboo woote bu leer, set, daj àddina sépp, di wax ak xel, ak pas-pas yu wér yi ñeel Yàlla Boroom bi.
- Alxuraan dafa am jeexiit ju xóot ci nit ñi, jeexit joj kenn du ko xam ku dul ku mos ci xolam neexaayam bi.
- Alxuraan ci yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) lees ko wàccee, moom mi nga xam ne ferul woon ijj, waaye mu làmboo waxiin wu ràññiku ci làkk, ñu xam ko ci àddina sépp muy njobbaxtalu waxi araab ju jot ak làmmiñ wu taaru.

Kon piri mi xel gën a nangu ñeel pàcc yu ràññiku yu yéeme yi ci Alxuraan mooy ne fa Yàlla la jóge.

## Yàlla Aji-Gindee ji

Saa yu nu nangoo ne Aji-Bind juy Aji-Xereñ moo nu bind rekk, danuy daldi xam ne dina nu jottali li tax mu bind nu. Kon naka lan man a xame li Yàlla namm ci nun? Ndax danuy dund dundug jóg ak a daanu rekk, walla danuy dund ngir sottal sunu bëgg-bëggi bopp? Ndax danuy dund "di topp ndiiraan mi" rekk topp ci ginnaaw ñeneen ñi? Mukk. Yàlla dafa yónni yónnent yi, wàccee téere yi, ngir leeral nu li tax mu bind nu.

Yàlla ay junniy yónnent la yónni, xeet wu nekk mu yabal fa lenn ndaw, ngën jaa néew, ñoom ñépp yor benn bataaxel bi: muy jaamu Yàlla moom kese, ak topp ag njubam. Bokk na ci yónnent yooyu: Aadama, Nuuh, Ibraahiim, Muusaa, Iisaa, Muhammet (yal na jàmm nekk ci ñoom ñépp).

Yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm), mooy ki mujj ci càllalag yónnent yooyu, mu nekkoon ki gën a mat ci mbindeef yi ci wàllu kóolute, ak maandu, ak yërmande, ak njàmbaar. Moom lañ yónni bataaxel bu mujj bu bàyyikoo fa Yàlla jëm ci ñoñ suuf, muy Alxuraan, ngir mu leeralal nit ñi liñ wàcce ci ñoom, ndax ñu man a ragal Yàlla.

Alxuraan téereb njub la buy leeral lu bari ci ay dégg-dégg yu soxal mbooleem nit ñi, lu ci mel ne li tax sàkkees nu, ak kan mooy Yàlla, ak jëf yi Yàlla bëgg te gërëm ko, ak yim sib te bañ ko, ak jaar-jaari yónnent ya jiitu woon ak bind yañ ca man a jànge, ak xibaar yi aju ci àjjana ak sawara ak bis-pénc ba.

> *Niki mu feeñe ci loxoy yónnent yépp; noonu la ay kéemtaan feeñe ci loxo Iisaa, mu woo nit ñi ci jaamu Yàlla rekk*
>
> Qur'an 19:36

Bokk na ci jubluwaayi Alxuraan tamit leeral gis-gis yu juunu yi aju ci dëgg-dëggi Yàlla, lu ci mel ni dëgg-dëggi Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) ak aw sasam, ak di ko méngale ak dëgg-dëggi Boroom bi, tudd naa sellug Aji-Kawe ji.

CONTENTS






# DËGG-DËGGI IISAA

## *yal na ko Yàlla dolli jàmm*

Lenn ci nasaraan si dañoo njort ne "Iisaa Yàlla la" walla mooy ñatteel ñatti yàlla yi, walla dafay jëmmal Yàlla ci kaw suuf, ci ne Yàlla dafa yor melow mbindeef.

Ànd ak loolu yépp, bunu sukkandikoo ci téereb nasaraan si di Biibul, Iisaa dafa juddu, di lekk, di naan, di nelaw, di julli, te amul woon xam-xam bu daj kàpp bu làmboo xam-xam yépp, te melo yii yépp yellut ci Yàlla.

> *Dina am solo nu xam dëgg-dëggi Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) bu nu bëggee dëgg-dëgg bi lislaam am ci Yàlla, ndax dafa am lënt-lënt ak tuuma yu yaatu yu ñeel jëmmi Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm).*

Boroom bi dafa yor melo yu matale sëkk, te nit moom dafa matadi, kon ñaar yu juuyoo nii naka lañ man a dajee ci wenn waxtu, ci jenn jëmm? Loou bokkul ci mbir yi xel nangu.

Ànd ak loolu, nit man naa laajte ne "Bu Yàlla manee lépp kay, lan moo tax du man a doon mbindeef?"

Bu nu sukkandikoo ci ni nu xamlee Yàlla, Yàlla du jëf jëf yoy day dàqoo ak nekkam Yàlla. Loolu a tax bu Yàlla mujjee doon nit, ba yor meloy nit, kon du man a nekkati Yàlla, ci lu wér.

Rax ci dolli, Biibul bi nekk ci nasaraan si am na laaya yu bari yoo xam ne Iisaa da fay waxe ak di fa jëfe ni jaamub Yàlla rekk la, ni Yàlla dafa teqalikoo te fasantikoo ak moom.

Ci misaal : Iisaa "daldi rot sëpp kanamam sujóot." [Matee 26:39]

Bu Iisaa nekkoon Yàlla; ndax xel dina nangu Yàlla di sëpp kanamam di sujóot? Ak jan Yàlla la doon sujóotal?!

Ñu bari ci nasaraan si dañoo gëm ne "Iisaa doomi Yàlla la", kon dina yell nu laaj sunu bopp loolu lu muy wund ca dëgg-dëgg? Li wér te wóor mooy jomb na ci Yàlla muy am doom ju ne léŋŋ.

Ba laa nu fee nekk di firi baat bi ci piri mu njëkk mi, danuy gis ne baat bii di "Doomu Yàlla" waxiin la wuñ daan jëfandikoo, ci anamug tagg, ci làkk yu njëkk yañ bindoon Biibul, ngir junj ci "Nit ñu baax ñi", te jëfandikoo nañ ko ci laaya yu bari ci Tawreet ñeel gaa yu baax yu bari, ku ci mel ni Daawuda ak Sulaymaan ak Yanqooba, waaye yemul rekk ci Iisaa, bokk na ci misaal yiy wéral loolu waxi Tawreet: "...Israayiil mooy sama doom, dib taaw." (Téereb Génn ga 4:22)

> *"Yellul ci Yàlla muy jàppe kenn doomam. Cëy sellam ga"*
>
> Qur'an 19:35

Pas-pasu lislaam day leeral dëgg-dëggi Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm), boole ko ak sàmm pas-pas bu mucc ayib ñeel Yàlla ak màggaayam, ak ug wéetam, ak ug matam.

Iisaa (yal na ko Yàlla dolli jàmm) yónnent bu tedd la woon, Yàlla a ko yónni ngir mu woote jëme ci jaamu Yàlla rekk.

CONTENTS




## Kon...lu tax ma nekk ci kaw suuf?

Ñépp nangu nañ ne céri yaram, lu ci mel ni bët, nopp, yuur ak xol, dafa am lu tax ñu sàkk leen, kon ndax loolu du wane ne jëmm jépp tamit dafa am lu tax ñu sàkk ko?

Yàlla, Aji-Xereñ ji (tudd naa sellam ga), bindu nu ngir nuy dox cig ngëlëm gu amul jëmuwaay, bindu nu tamit ngir nu topp sunuy bëgg-bëggi lekk ak naan ak sëy dong, am nanu jëmuwaay bu gën a kawe, ak jubluwaay bu gën a yékatiku, te mooy nangu nekkug Yàlla gi di ko jaamu moom kese, ngir jàppanadal dund ci njubug sunu Boroom.

Njub googu da nuy may nu man a dund dund gu aw yoon te teey ci wàll yépp. Njub googu day ëmbaale jaamu Yàlla yiy indil njariñ nit ki, niki doyloo Yàlla, ak julli, ak woor, niki noonu yiy indi njariñ ci pénc mi, niki fonk dëkkandoo, ak sàmm njaboot gi, ak kóolute, ak sàmm mala yi.

Yàlla dafa araamal fi nun nuy jaamu keneen kudul moom, ak kum man a doon (niki xéram, jant, weer, fóore, làbbe walla sax ay yónnent). Moom Boroom bi soxlawul way-bokkale, walla way-rammu, walla way-digale, kenn ku ne man naa àgg ci Yàlla mu kawe mi ci jaamu ko moom rekk.

Yàlla dafa melal dund gii ci ne ab nattu la, te anam yu bari la ñuy nattoo nit ñi. Te nun amunu sañ-sañ ci li nuy dal, am nanu sañ-sañ ci ni nu koy dékkoo. Bokk na ci yoon yi nuy jegeel Yàlla di sabab sunu dugg àjjana; di muñ tiis, di sant xéewal. Niki noonu tamit Yàlla dànkaafu na nu ci mbugalum safara sunu ko weddee walla nu sàggane ay ndigalam.

## Kon... lan laa war a def leegi nii?

Ni ñuy nattoo ngëmu nit ki day feeñ ci jëfandikoo xel ngir xalaat, ak xam firnde yiy tegtale nekkug Yàlla, ak tamit dund tegu ci ndigali Yàlla yi te moytu ay tereem, loolu ñi ngi koy jaare ci wommatu ci ndigali Yàlla yi, loolu mooy tekki ci araab nekk ab jullit "Muslim / aji-wommatu".

Yàlla dafa def lislaam mu ubbiku ci ñépp, xóolut seen démb walla seen pas-pas walla seen tolluwaayu tay. Loolu a tax, nit ku ne man naa doon ab jullit ci lu yomb jaare ko ci gëm li seede sii ci kanam di tegtale, muy seede ngëm te wax ne:

"Maa ngi seede ne amul benn buur bu dul Yàlla, maa ngi seede ne Muhammet ndawul Yàlla la". Ndax jotul nga dox jëm ci jubluwaay bi tax ñu sàkk la? Gëm dëgg gi te nangu nekkug Aji-Bind ji?

CONTENTS


















# AY DÉGG-DÉGGI NJUUMTE YU AJU CI LSLAAM

WOLOF | مفاهيم خاطئة حول الإسلام (07/10) | FREE COPY

*Ca Dëgg-Dëgg, Lan Nga Xamal Lislaam?*


Dar Al Ber Society
www.daralber.ae

الإمارات
THE EMIRATES

*Your Path To Peace..*


مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

تصريح رقم:
(2017/139)

دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department

www.islamicic.com

CONTENTS




















## Ubbite

Donte lislaam bokk na ci diine yi gën a tasaaroo ci kaw suuf; terewul bokk na ci diine yi nit ñi ëpp di def ay njuumte ci dégg ko. Loolu nag sabab yu bari ñoo ko waral, bokk na ci sabab yi ay këru yëglekaay yu topp politig, mbaa koom-koom, mbaa par-parloo, walla ragal ab "doxandéem", bokk na ci sabab yi tamit ay dëgg yuñ safaane, ak i dégg-dégg yu dëng yu tasaaroo ñeel lislaam.

Kon buntub xam lislaam ak xam  jullit ñi mooy sànni xalaat yu siiw yooyu, te natt gis-gis yépp ci njàngalem sariiya bu lislaam, mi tukkee ci cëslaay yu wér yi.

## 1eelu njuumte bi: **"Jullit ñi duñ jëflante ak ñeneen ñi ci yiw ak ci jikko ju rafet"**

Ñenn ci nit ñi dañoo njort ne jikkoy lislaam yi, xawut a adëppoo ak jikko yu rafet yi nga xam ne nit ñépp a ànd rafetlu ko. Wax yii nag lu rafle ag dëgg ak ug maandu la.

> *"Ki gën ci yenn, mooy ki gën a rafet jikko ci yeen."*
> *Ahmad (24204)*

Li tax loolu mooy, jullit ñi dañuy sàmmonte ak jikko yu baax yi daj àddina, bokk na ci jikko yooyu:

- Nga nekk ku gore te maandu
- Di sàmm sa kàddu
- Moytu nargan nit ñi ci diine.
- Wormaal say way-jur, ak say jegeñaale, ak say dëkkandoo, ak képp ku la mag
- Di joxe sa alal ci anami yiw yi, nekk ku tabe, di toppatoo way-ñàkk ñi ak way-aajowoo ñi
- Di rafetal jëme ci sa dëkkandoo
- Di moytu fen, ak kooj, ak saaga, bañ a jëw kenn

Jullit ñi dañ leen a sant ñuy bay seen waar ci fésal nataal bu rafet ñeel seen pénc, te taqoo ngën jaa rafeti jikko fuñ toll, ak wax ak jëf ya gën a refet.

## 2eelu njuumte bi **"jullit ñi yàlla ju bees la ñuy jaamu ju tudd Allaah"**

Baatub "Allaah" mooy baat biy wund Yàlla ci araab, baat la bob dafa ëmb maanaa mu màgg moo xam ne yellul ñu koy woowe kenn ku dul Yàlla miy Kenn tey Aj-Wéet.

> *Yàlla ji jullit ñi di jaamu, mooy ji yónnent yi leen jiitu doon jaamu, ñoom Nuuh, Ibraahiim, Muusaa ak Iisaa.*

Te mooy baat bi nasaraan si ak yahóot yi di jëfandikoo ngir junj seen Yàlla ji ñiy jaamu.

Donte jullit ñi ak yahóot yi ak nasaraan si jenn Yàlla ji (Aji-Bind ji) lañ gëm, waaye amna wuute gu rëy ci seen dégg-dégg ci Yàlla. Ci misaal, jullit ñi nanguwuñ xalaat buy wutal Yàlla bokkaale, walla naan Yàlla kenn la ci 'ñatti yàlla yi'. Ñoom ag mat ci Yàlla rekk la ñu koy asakanale.

CONTENTS




## 3eelu njuumte bi: **"lislaam day dëgëral ag rëtal (Terrorisme)"**

Jumtuwaayu caabal yi nga xam ne dañoo far, fuñ toll dañuy wane bépp jullit buy xeex rekk ni ab rëtalkat la, te duñ xool sax ndax day xeex ngir sabab bu maandu walla bu jaadu am déet, walla ndax dafa tooñ am dañ koo tooñ.

Ba ci biir xare sax, lislaam day leeral bu baax ne, araam na te ñaaw na, ñuy bunduxataal ñi deful dara te yoruñ ngànnaay. Njàngalem lislaam dëgg sax, day araamal ci ñoom ci biir xare ñuy faagaagal am mbay walla ag jur cig neen, rawatina nit ñu deful dara. Ak lu man a xew, dina am solo ñu ràññatle diggante rëtalaate ak xeex bu jaadu jëm ci bañ noteel, ndax ñoom ñaar wuute nañ ni ñuul ak weex wuutee.

Alxuraan day leeral, ci lu amul benn jiixi-jaaxa, ay wu nekk ci faat bakkan bu deful dara, bu Yàlla araamal ku ko faat, di feddali solos dundug doomu aadama.

> ***"…ne képp ku rayati nit koo xam ne rayul kenn, te deful njaaxum ci kaw suuf si, mel na ni ray na nit ñépp. Ku xettali nit, musal ko ci dee, mel na ni ku musal nit ñépp ci dee."***

*Qur'an 5:32*

## 4eelu njuumte bi: **"lislaam day bunduxataal jigéen"**

Ci lislaam, góor ak jigéen ñoo yam fa Yàlla mu màgg mi, ci yool ak ci mbugal ak ci fay leen seen i jëf. Ndax ca kanamu Yàlla, kenn gënewufa kenn lenn lu dul ragal Yàlla.

> ***"Waaye ki gën a tedd ci yéen, fa Yàlla, moo di ki gën a ragal Yàlla ci yéen."***

*Qur'an 49:13*

Laaya jii ab tegtal ci ne wàccuwaay ak dëgg-dëggi teddnga, ajuwul ci ñàkk walla woomal, mbaa weex walla ñuul, waaye mi ngi aju ci ragal Yàlla ak dëggal rafetal, moo xam ci góor walla ci jigéen.

Lislaam jox na jigéen mbooleem ay yelleefam, teral na ko, rafetal teraanga ja, yamale ko, ci saa su yamoo nekkee ag maandu ci moom, niki fàggu ag dundam, tànn boroom këram, mottali am njàngam, ñaan baat, ak jot wàllam ci ndonoom.

> ***Yàlla dafa bind góor ak jigéen, daldi sas kenn ku nekk ci ñoom ñaar ay sas yu wuute, ak ay wareef yu rëy, yu méngoo ak seen bind ci jëmm ak ci xel ak xalaat, te seen ug fay tamit day nekk ca kem seen maniin rekk.***

Bokk na ci li doy waar te yéeme, mooy ñenn ci jigéeni jullit ñi dañiy dund ag bunduxataal gu metti. Loolu nag doonul sikk su nekk ci lislaam walla cim njàngaleem, waaye sikk la su nekk ci yenn aada ak mbatiit yi am ci pénc yi ci yenn réew yi, te lislaam da koy bañ.

CONTENTS




## 5eelu njuumte bi: **“Alxuraan du dara lu dul téereb mboor walla téereb nos-way ”**

Alxuraan mooy waxi Yàlla mu kawe mi, moo ko jox yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm), jaarale ko ci Jibriil. Te mooy teqale diggante dëgg ak neen, dafa làmboo it kenoy njub gi nga xam ne mooy texeel mbooleem mbindeef yi.

> *Yoon wi gën ngir xam lan la Alxuraan di woote nag, mooy nga jàngal ko sa bopp, yaw ci sa jëmmi bopp.*

Alxuraan day jàngat ay bind ak i waaraate ci dundug yónnent ya jiitu ak seen i nit, ngir nu man a jariñu ci ñu mel ni ñoom ak seen i nettali.

Batay, Alxuraan da nuy xamal Yàlla, xamal nu sun bopp ak li tax mu bind nu, te mooy dëggal wéetal Yàlla miy Boroom mbindeef yépp.

Yàlla bindu nu ngir fo, te du nu mas a bàyyi cig neen. Li ñiy natte ngëmug jaam bi mi ngi ci ni miy jëfandikoo xelam, nammeelam ak xalaatam; ngir gindikoo ci loolu, ba yegg ci nekkug Yàlla juy aji-bind di aji-xereñ, ju wàccee ci moom ay màndarga ngir mu leerlu liy dëgg, bokk na ci li gën a màgg ci màndarga yooyu Alxuraan jim wàccee ci moom.

Alxuraan ci boppam ëmb na kéemtaan yu bari, moo tax amunu jiixi-jaaxa ci ne fa Yàlla miy Boroom asamaan ak suuf la bawoo.

## 6eelu njuumte bi: **“Muuru xoqatal jigéen la”**

Ngir nu bàyyi xel muuru, danoo war a xam ne jigéenu jullit dees leen a digal ñu muur seen yaram ci colka gu yiw, te bañ a fésal seen ub taar ci kanamu góor yu leen araamul.

And ak loolu, muuru nekkul suturas bitti rekk, waaye suturas biir la tamit, te mooy sutura ci wax ju teey, ak kersa, ak yor jikkoy ñu baax ñu tedd ña.

Donte muuru am na njariñ ak yiw wu bari tamit, teewul li war a tax jullit ñi bàyyi ko xel mooy lim doon ndigalu Yàlla mu màgg mi, moom mooy ki xam li muy yoonalal ay jaamam ak li leen di jagal.

Muuraay day dooleel jigéen ci gën a fésal taarub biiram, bañ a yam rekk ci liy feeñ ci yaramam ci bitti.  Te day may jigéen sañ-sañ ngir mu doon jëmm ju amal njariñ pénc mi, boole ko ak sàmm kersaam ak yiweem.

Muuraay nekkul, màndargam noteel walla tënkaate, waaye day sàmm ak di aar jigéen ci bëti loraange, ak wax yu ñàkk fayda, yiy tukkee ci góor ñiy topp seen bànneex, naka noonu day ñoŋal ci boddee giy tukkee ci ñiy topp seen bakkan.

Loolu a tax, boo gisee jullit bu jigéen nanga xam ne: yaramam wi ci bitti lay muur, waaye muurul am xelam mi ci biir walla xalaatam bu sell.

## 7eelu njuumte bi: **“Jullit ñépp ay araab dong lañ”**

Mbir mi demewul noonu, téeméer boo jël ci jullit ñi, ñaar-fukk ya rekk (20%) ñooy ay araab, maanaam téeméer boo jël ci jullit ñi, juróom ñatt fukk ña (80%)  duñ ay araab. Ci misaal, limub jullit ñi nekk réewum Endonisi ak End rekk ñoo ëpp limub  araab yi nekk ay jullit.

CONTENTS





Lislaam day jàngale ne kenn gënul kenn, ngir askan wum bokk walla der bum yor, lislaam dafa xeex boddi xeet ak féewale ba jële ko fi, moom woote bu àddina sépp bokk la mu ñeel mbindeef yépp, loolu mooy nit du sottal ag texe ci anam gu wér, nit du dugg ci buntub tekki bu yaatu, li fii ak wéetalul Yàlla boole ca di jëf tege ci kaw yoonu njub.

## 8eelu njuumte bi: **"jihaat mooy rëtalaate (terrorisme)"**

Dëgg-dëggi jihaat mooy xeex ak joxe sa bopp ci yoonu Yàlla, ci anam gi ko Yàlla yoonale te gërëm ko. Baatub jihaat day tegtale xeex, muñ ak góor-góolu, te làmboo na mbooleem jëf yu baax yi, ak joxe alal ci xeeti yiw yi, mooy ngay jihaat ak sa bakkan, sa bànneex, saytaane ak noon yi, ci xol ak ci làmmiñ ak ci cér yépp.

Xeetu jihaat ji xel ak xalaat di njëkk a daj nag mooy jihaat ci ngànnaay, nga xam ne dañ koo daganal ngir sàmm jàmmi pénc mi ak kaaraangeem, ak tamit feg tooñaange, saxal dëgg, samp ag maandute. Loolu man naa nekk ci anamug fegu walla song, day tënku rekk ci li jamono ja ak mbir ya laaj.

## 9eelu njuumte bi: **"Jullit ñi Muhammet la ñuy jaamu walla (weer wi)"**

*Bokk na ci njàngalem lislaam nu wormaal mbooleem yónnent yi te weg leen, waaye wormaal leen ak sopp leen tekkiwul ne danu leen a war a jaamu.*

Bu dee beneen njuumte biy wax ne jullit ñi Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) la ñuy jaamu, loolu dafa dàqonte ak dëgg, te dina yomb a weddi lool, ndax Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) moo wax ne: "Bu leen ma jay ni nasaraan si doon jaye Iisaa, man ab jaam laa; kon deeleen ma wax jaamub Yàlla ak Ndawam. " Al-Buxaari (3445)

Amna leneen njort lu mel noonu, lu woroo ak dëgg tamit, mooy ne jullit ñi " weer wi" la ñuy jaamu !

Ci lislaam, jaamu weer wi, walla jant bi, mbaa leneen lu dul Yàlla mu màgg mi ag bokkaale la.

***Yàlla nee na: "Buleen sujuudal jant bi, waxantumalaak weer wi, waaye na ngeen di sujuud ngir Yàlla mi leen bind, ndegam Moom ngeen di jaamu.."***

*Qur'an 41:37*

Lislaam day saxal ne ag mat sëkk, ak ug màggaay gu amul yamukaay, ak wéet gu mat sëkk, Yàlla miy Boroom mbindeef yi rekk la ñeel.

Moom mooy Yàlla miy Aji-Maandu, di Yërëmaakon bi.

Jaamu Yàlla ak wéetal ko mooy yuqug lislaam, ci la lépp aju, niki mu nekke ci waxi Yàlla ak waxi Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm).

## 10eelu njuumte bi: **"lislaam day daganal sëyub weñ-loxo"**

Lu aju ci fas ab sëy day dugg ci aada ak mbatiit yi ñuy topp te mu tasaaroo ci réew yu wuute ci àddina si. Donte sëyub weñ-loxo yamul rekk ci jullit ñi, teewul ñu taqal ko lislaam ci yéene ju bon ak ñaaw njort rekk.

CONTENTS






Ci lislaam, góor ak jigéen ku ci ne am na sañ-sañu nangu walla bañ kim bëgg a takk, walla kim bëgg a sëyal. Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) wax na ne: "Ab jeeg (ki mas a sëyi) moo ëpp kilifaam sañ-sañ ci boppam, ab janq nag dañuy diisoo ak moom, waaye kàddoom mooy ag noppeem." Muslim (1421)

## 11eelu njuumte bi: **"Lislaam day weñ loxo nit ñi ngir ñu dugg ci diineem"**

> *Yàlla dafa wax ne: "Nargan warul am ci diine ! Ndax jub ràññeeku na [doon lu] wuute ak réer."*
>
> Qur'an 2:256

Donte wartéef la ci jullit ñi ñuy woote jëme ci lislaam, di tasaare ab bataaxelam ci mbooleem goxi àddina bi, teewul kenn warul a nargan walla muy weñ loxo kenn ngir mu dugg ci diine ji.

Dugg ci lislaam, ak gëm Yàlla ak topp ko, dafa war a lalu ci kóolute gu dëgër, ak péexte gu mat sëkk, ak pas-pasu xol bu wóor. Kon kenn warul man a weñ loxo kenn ngir mu dugg ci lislaam.

Jàppal lii:

- Endonisi mooy réew mi ëpp limub jullit yu fay yewwoo, te lislaam bam fay dugg tuurul benn toqu dereet.
- Limub nasaraan siy dund ci digg réewi araab yi, lu mat ay xarnu, ëpp nañu 14i milyoŋi nasaraan !
- Jamono jii, lislaam mooy diine ji gën a gaaw nu miy màgge ci kaw suuf.
- Donte xeex tooñaange ak noteel, ak dëgëral ag maandu, ay sabab yu doy sëkk la ngir amal jihaat, waaye nag weñ loxo nit ñi ngir ñu dugg ci lislaam bokkul ci sabab yooyu ñu yoonal ci lislaam.
- Jullit ñi yilif nañ Espaañ lu toll ci 800i at, te masuñoo weñ loxo nit ña ngir ñu soppi seen diine dugg ci lislaam.

## Tëjte

Jéem a xam lislaam di ko jaare ci ay balluwaay yu wóorul amul cëslaay te wérluwoo ko, loolu njuumte lu rëy la, te da lay yóbbe ay xalaat yu juunu, ak dégg-déggi njuumte yu bari. Kon bul ëppal bay gëm njuumte yooyu aju ci lislaam, li fii ak wóorluwoo ko ci cosaan la ak balluwaay yu wér.

Diine ju mel nii, nga xam ne boo xaajoon àddina bi ñenti xaaj lu ëpp benn xaaj bi ay jullit lañ; manul bon bonaay bi ko këri tas-xibaar yiy par-parloo di fésale.

Lislaam diiney jàmm ak yërmaande la, ab bataaxelam yeyoo na jàngat bu baax ak settantal bu xóot te tegu ci xel, njëkk nga koy àtte.

HOTLINE
+971 56 204 2045
islamicicdxb
islamicic.com
info@islamicic.com
+971 4 355 5223
DOWNLOAD TATARI FLYER
www.iicdxb.com/wolof

CONTENTS



# YELLEEFI JIGÉEN CI LISLAAM

WOLOF | (08/10) حقوق المرأة في الإسلام | FREE COPY

*Kuñ weg la,*
*Teral ko,*
*Fonk ko.*




جمعية دار البر
Dar Al Ber Society
www.daralber.ae

الإمارات
THE EMIRATES

Your Path To Peace..

مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

تصريح رقم:
(2017/139)

دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department

www.islamicic.com

CONTENTS



# UBBITE GI

Am na ñu jàpp ne lislaam dafa suufeel jigéen, doyadal ko, not ko, waaye ndax ca dëgg-dëgg noonu la deme? Ndax milyoŋi jullit yiy dund diine ji ay sagari nit yuñ suufeel dong lañ? Walla loolu ay wax yu yàqu la yuñ sos jaare ko ci këri tas-xibaar yi bañ lislaam?

> *"Am nañu yelleef [ñoom jigéen ñi] yu tollook seeni wareef ci njekk."*
>
> *Qur'an 2:228*

Lu ëpp fukki xarnu ak ñent ci ginnaaw fekk na lislaam jox jigéen ay yelleef yu mu masut a am ci tugal, lu moy ci at yu mujj yii.

Ci lu soriwul atum 1930, Annie Besant dafa seetlu wax ne: "ci ñaar fukki at yii weesu rekk, la Àngalteer, miy dund diiney nasaraan, doog a nangu àqi jigéen ci moomeel, fekk na lislaam moom da koo mas nangul àq jooju ci jamono yépp. Kon bokk na ci ay sos di wax naan lislaam day woote ne jigéen amul ruu." (Jaar-Jaari Muhammet Ak Um Njàngaleem, 1932).

Mbooleem góor ñi ak jigéen ñi ñoo ngi soqikoo ci jenn jëmm, te mooy yónnent Yàlla Aadama (yal na ko Yàlla dolli jàmm), lislaam du nangul kenn ci ñoom lu moy ak maandu ak jëflante bu rafet.

# YAMOO CI AB YOOL AK KILIFTEEF

Góor ñi ak jigéen ñi Yàlla lañuy jaamu ci genn anam, maanaam jenn Yàlla ji la ñuy jaamu muy "Allaah", kem jaamu yi la ñuy jooxe, di topp benn Téere Bu Sell bi, yenn pas-pas yi tamit lañ gëm.

Allaah (Di baatu araab biy tekki Yàlla miy Kenn di Dëgg ñeel mbooleem mbindeef yi), mooy àtte mbooleem mbindeef ci maandu ak yamale. Yàlla feddali na ag maandoom diggante góor ak jigéen ci jëflante ak ci yool, fiddali na ko ci laaya yu bari ci Alxuraan:

> ***"Yàlla dig na way-gëm yu góor yi ak way-gëm yu jigéen yi Àjjana joo xam ne ay dex ñooy daw ci suufam, dañu fay béel, ak dëkkuwaay yu sell ca Àjjana ju sax ja."***
>
> *At-Tawba : 72*

> ***"Man de, duma sànk jëfi ab jëfkat ci neen, moo xam góor la mbaa muy jigéen"***
>
> *Aali Himraan: 195.*

Laaya yooyu dañ nuy leeral ne ab yool mi ngi tënku ci jëfi nit ki, déet ci am pëyam. Am pëy yoonam nekkul ci li ñuy yoolal nit ki ak li ñiy àtte ci moom.

CONTENTS





Bu nu gam-gamlee lislaam ak yeneen diine yi danuy gis ne lislaam day warlul maandute góor ak jigéen. Ci misaal, lislaam nanguwul gis- gisu jàpp ne Awa moo ëpp yaraanga Aadama ndax lim lekk ca garab ga leen Yàlla tere woon. Ci gis-gisu lislaam, Aadama ak Awa ñoom ñaar ñépp a juum def bàkkaar, Yàlla baal leen jéggal leen.

## TOLLOO ÀQ CI SÀKKU XAM-XAM

Góor ak jigéen, ñoom ñaar ñépp lañ soññandoo ci sàkku xam-xam, Yónnent bk (yal na ko Yàlla dolli jàmm) nee na: “Sàkku xam-xam farata la ci bépp jullit.”

Loolu a tax, jamonoy Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) amoon ay woroom xam-xam yu jigéen. Ñenn ci ñoom bokkoon ci njabootam, ñenn ñi ciy sahaabaam, ñenn ñi ciy doomam. Bokk na ci ñi ci gënoon ràññeeku soxnaam Aysa, mi nga xam ne ci moom la xaaju ñenteel bu sariiya jaar.

Ak yeneen jigéen yu doonoon ay woroom xam-xami fiq, ay woroom xam-xam yu góor yu siiw jànge ci ñoom.

## YAMOO CI TÀNN SOXNA WALLA BOROOM KËR

Lislaam dafa teral jigéen, jox ko àqam ci sañ a tànn boroom kër, ba noppi sañ a téyee aw santu boppam bu sëyee. Ànd ak loolu ñu bari dañuy jàpp ne way-jur yi dañuy sëkktal seen doom yu jigéen ci sëy. Waaye loolu doxiinu aada rekk la, ca dëgg-dëgg amul lenn cëslaay ci lislaam. Loolu dees koy tere.

Ci jamony Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli) benn jigéen dafa ñëw ne ko; “Sama waa-jur damaa may sama doom-baay, ci géteñ, ngir yékati darajaam.” Yónnent bi woolu baayu xale bu jigéen bi, ci teewaayam Yónnent bi tànn loo ndaw si diggante des ci sëy bi walla tas. Ndaw si tontu ne: “Yaw yónnenteb Yàlla bi, nangu naa li sama baay dogal, waaye damaa bëggoon a wan jigéen ñi ne (góor ñi moomuñ dara ci mbir mi).”

## ÑOO YAM WAAYE WUUTE NAÑ

Ci biir àq yooyu góor ak jigéen bokk cig yaatal, yelleef ak wareef yiñ jagleel kenn ku nekk ci ñoom bokkul. Góor ak jigéen dañoo am ay yelleef ak wareef yuy mottalente,

Bu dul wuute gi am ci bindub biir ak bitti sax, baromm xam-xam

CONTENTS





yi xam nañu ne ag wuute gu rëy am na ci diggante xelum góor ak xelum jigéen ñeel ni ñuy saytoo làkk, xam-xam ak yëg-yëg.

Nu joxe ci yenn misaal rekk:

Edward O. Wilson di boroom xam-xamu dundat ak mboolaay, ci Iniwersite Harvard, dafa wax ne:  jigéen ñi ñooy sut góor ñi ci xereñe kàddu ak feeñal ñeewant, ak jëflante ci pénc mi, ci biir loolu, góor ñi ñoom, ci mbir yu bari , liñ gën a màcc mooy ñoo sut ci wàllu sañ-sañ ak kilifteef, ak xereñ gu jëm ci ay bërëb mbaa màndaxe, ak xadar ju jëm ci daraja, ak yeneen jagle.

Jëflante ak ñaari xeet yii ci genn anam, wan ginnaaw wuute gi nekk seen diggante; bokk na ci ñàkk a xereñ.

Lislaam day jàngale ne góor ak jigéen dañoo am wareef yuy mottalente, waaye dañoo wuute, ngir ku nekk ak la gën a méngoo ak sa bind.

Yàlla nee na:

*“Ndax góor melul ni jigéen.”*

Aali Himraan: 36

*“Ki bind ndax dadul xam te Moom moo di ki Ñewenti, di Ku deñ Kumpa ci lépp.”*

Al-Mulk: 14

## BENNOOG NJABOOT GI

Yàlla dafa bind góor ak jigéen def leen ñu wuute, mu jox leen ay wareef, ay man-man, ay warugar yu ràññiku. Wuute gii kenn waru ko gise ne day teg-tegtale yékatee walla suufeel, déedeet, day tegtale ak jagle. Njaboot dafa am dayo bu rëy ci lislaam, góor gi mooy warlu luy jëmale kanam naataange ak dund ci kër gi, jigéen ji moom warlu luy jamale kanam toppatoo gi, yar bi ak yëg-yëg bi. Loolu day soññee ci dimbalante ci wareef yiñ bokk, walis ñuy xëccoo, bu ko defee njaboot gu dëgër sosu, pénc mu dëgër sosu.

Niki noonu it, ci wàllu yëg-yëg, góor ak jigéen duñ dund lu neex te dimbalentewuñ, Yàlla a ngi melal ci anam gu rafet naan:

*“Ñoom [jigéen ñi] malaan lañu ci yéen [góor ñi], yéen itam malaan ngeen ci ñoom..”*

Al-Baqara: 187

Mbalaan day joxe nooflaay ak nuggaay ak kóolute, rax ci dolli day def nit ki mu gën a rafet, kon ci noonu, diggante ñaari way-dencante day daadi leer nàññ.

CONTENTS






# COFEEL AK YËRMANDE CI DIGGANTE WAY-DENCANTE

Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) day soññ boroom kër yi ñuy jëflante ak seen i soxna jëflante ba gën a rafet, daldi ne: “ki gën ci yeen, mooy ki gën ci (ni muy sàmme) waa këram.”

> *Te bokk na ci kéemaanam yi, mu sàkkal leen ci seeni jëmm ay soxna ngir ngeen di ca dallu, Mu def ci seen diggante cofeel ak yërmaande. Ay kéemaan a ngi ci biir loolu ngir aw nit ñuy xalaat.*
>
> *Ar-Ruum: 21*

Soxna Aysa (soxnas yónnent bi) dees koo laaj naka la Yónnent bi nekke woon biir këram, mu ne, “Xanaa ni ku nekk ci yeen di nekke këram, waaye nag moo ëppoon maslaa ëpp teraanga, dafa noppi woon ngir jàppale ay soxnaam ci liggéeyi kër yiñ tàmmoon, da daan ñaw ay yéreem, di defar ay dàllam, ci tënk daal, da daan jàppalante ci lépp lu ay soxnaam di def.

# WÀCCUWAAY BU KAWE ÑEEL YAAY AK DOOM YU JIGÉEN

Yaay dafa am jeexiit ju rëy ci doom, ci cofeel gi, toppatoo gi ak mbëggeel gi, rawatina ci atam yu njëkk. Amul jiixi-jaaxa ci ne baaxug pénc mi day dellu ci yaay yi. Ba tax na, loolu rekk doy na ngir lislaam sagal leen yékati seen daraja.

Yàlla wax na ci Alxuraan:

> *Dénk nanu nit (mu wara rafetal) jëme ko ci ñaari waajuram : ndayam a ko ëmb ci coono, imbi ko ci coono*
>
> *Al-Ahqaaf: 15*

Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) dees koo laaj bis: “Yaw Yónnenteb Yàlla bi, kan moo gën a yey ci sama yor bu rafet?” Mu ne ko: “Sa yaay.” Waa ji laajaat ko ñaari yoon, “Teg ci kan?” Mu tontu waat ko lim ko tontu woon, ci yoonu ñenteel wa rekk la ko Yónnent bi wax: “Teg ci sa baay.”

Tuyaaba deesu ko maye rekk ci jëflante bu rafet ñeel yaay yi, wànte lislaam dafa jagleel tuyaaba yar doom yu jigéen, loo xam ne mayewu ko ci yar doom yu góor.

CONTENTS




Yónnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) nee na: “Ku Yàlla Wërsëgale ñaari doom yu jigéen, mu yar leen yar bu rafet, ñooy doon sabab ci duggam Àjjana.”

## TËJTE

Njëkk lislaam di ñëw, jigéen dees koo jàppe woon gàcca, doom yu jigéen yi dañ leen daan suul ñuy dund, cagatu tasaaroo woon, fase nekk ci loxol boroom kër dong, ñi am doole rekk féetewoo donn, ag noteel tasaaroo. Lisaam ñëw neenal doxaliin yooyu yépp.

Ba tay jii, ci “réew yu suqaliku yi”, joxuñu fa jigéen worma ak sag ak teraanga, waxuma-laa fay gu tolloo ak li miy liggéey.

Lislaam moom, dafa jàppe jigéen lu tedd lu gànjaru, kenn waru koo xeeb mbaa doyadal. Bu fekkee nag jëflante bu ñaaw bi ñeel jigéen ci lenn ci réewi penku yi, walla kër yenn jullit yi, loolu day dellu ci aada ju ñenn ci jullit ñi topp, teg ko ci njuumte, waaye tegewul ci lislaam.

Kon lu tax jigéen ñu bari di dugg ci lislaam, ci seen teeyug bakkan, bu fekkee diineey noteel la?

Nu tëje ko waxi sunu Boroom di seen Boroom, Aji-Bind góor ñi ak jigéen ñi di Aji-wërsëgal leen.

*Naka jullit yu góor yi ak jullit yu jigéen yi, way-gëm yu góor ak way-gëm yu jigéen, way-wommatu yu góor ak way-wommatu yu jigéen yi, way-dëggu yu góor ak way-dëggu yu jigéen yi, way-muñ yu góor ak way-muñ yu jigéen, way-ragal yu góor ak way-ragal yu jigéen ya, saraxekat yu góor ak saraxekat yu jigéen yi, woorkat yu góor ak woorkat yu jigéen yi, góor ñiy sàmm seeni pëy ak yu jigéen yi, ñiy tuddu Yàlla lu bari ci góor ñeek jigéen ñi, Yàlla waajalal na leen njéggal ak pey gu màgg.*

Al-Ahsaab: 35

HOTLINE
+971 56 204 2045
islamicicdxb
islamicic.com info@islamicic.com +971 4 355 5223
DOWNLOAD TATARI FLYER
www.iicdxb.com/wolof

CONTENTS



# Kéemtaani Xam-Xam Yi Nekk Ci Alxuraan

WOLOF (09/10) العلوم في الإسلام FREE COPY

*Dananu leen won sunuy kéemaan ci déeléey asamaan ak ci seen bopp, ba baa ñuy gindiku ci xam ne (Alxuraan), mooy dëgg tigi.*

Fusilat: 53



Dar Al Ber Society
www.daralber.ae

الإمارات
THE EMIRATES

*Your Path To Peace..*

مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

تصريح رقم:
(2017/139)

دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department

www.islamicic.com

CONTENTS






Alxuraan, téereb lislaam bi, mooy téereb waxi Yàlla bi mujj a jóge ci Yàlla jëmsi ci mbindeef yi, naka noonu tamit mooy li mujj ci càllalag wahyu wu ñeeel yónnent yi.

Donte Alxuraan (jiñ wàccee lu ëpp 1400i at  ci ginnaaw), nekkul téereb xamtu cig njëlbeen, waaye làmboo na yu aju ci xam-xam bu wér, yoo xam ne bu yëggul la feeñ jaare ci xarala yu yees yi ak gëstuy xamtu.

Lislaam day soññee ci xalaat ak gëstub xam-xam, ndax xam dëgg-dëggi mbindeef yi day def nit ñi ñu man a yokk ni ñiy màggale Aji-Bind ji, man a leeral kàttanam ak xereñam.

Alxuraan dafa wàcc ci jamono joj xam-xam dafa tolloon ci ndoorte la; teleskob amul woon ay jumtuwaayu luññutu yu sew (microscope), walla dara lu jege jumtuwaayu xaralay tay amul woon.

Nit ñi gëmoon ne jant bi mooy wër suuf si, gëm ne asamaan si dañ koo wékk ci ay keno yu nekk ci koñi suuf su tàlli sii, ci biir tolluwaay boobu la Alxuraan wàcc, yor joxoñ yu leer yu ñeel lu bari ci xam-xam yu wér, yu aju ci xam-xami biddiw, xam-xamu ndundat, xam-xamu melal suuf, ba ci xam-xamu mala.

Bokk na ci xam-xam yu bari yooyu nekk ci Alxuraan, lii di ñëw:

## 1 Kenol dund

Ndox la ñuy junj ne mooy cosaanu xeetu dund yépp, ndundat yi dañoo toggaloo ci ay sélil, te leegi xam nanu ne sélil yi ndox moo ëpp ci lim toggaloo.

Loolu ñi ngi ko feeñal ginnaaw bi ñu fentee jumtakaayu luññutu bii di (microscope), ci àllub réewi araab ya, yenuwul maanaa ñuy xalaat ne amna benn waay bob dina tandale ne mbooleem xeeti dund yi ci kaw suuf ci ndox lay jóge.

> *Te Nu sose ndox lépp luy dundu. Moo ndax dañu dul gëm ?*
>
> *Al-Anbiyaa: 30*

## 2 Màggug nit ci biirub ndayam

Yàlla day wax ci jaar-jaari nit kuy màgg ci biirub ndayama naan:

*“Nun bind Nanu nit [sàkk ko]mu bawoo ci cosaanul ban [suuf], ginnaaw ba Nu def ko mu di maniyu ma mu di aw lumbu. Ginnaaw ba Nu def lumbu ma di aw suux !”*

*Al-Muuminuun: 12-14*

Baatu araab bii di "halaqa" am na ñatti piri: aw lor, luy taqe, lumbu dereet. Liñ jublu ci “Muddxa" mooy yëf yuñ man a sàqami, boroom xam-xam yiy gëstu ci nekkiinu nit ci biiru ndayam seetlu nañ ne baat yii Alxuraan jëfandikoo ngir melal ni nit di sosoo baat yu jub lool la, te day dëppoo ak dégg-dégg bi xam-xamu tay am ci jaar-jaari ni nit di màgge.

CONTENTS





Ba ci 20eelu xarnu bii, xameesul woon lu bari ci noste ak toftaloo gi ñeel màggiinu nit ci biiru ndayam, loolu day wane ne li Alxuraan wax ci melow nit ci biiru ndayam, manut a tege ca gëstub xam-xam ba woon ca 7eelu xarnu.

## 3 Tàwwikug dénd bi

Ci jamono yoy xam-xamu biddiw weesoogul woon ndoorteem la laaya jii wàccoon:

*Te asamaan, Nun Noo ko tabax ci Sunu Kàttan : te it Noo koy yàkkali.*

As-Saariyaat: 47

Bokk na ci li laaya ji jàll di firi, mooy Yàlla mooy yaatal dénd bi (maanaam asamaan si). Yeneen piri yi mooy Yàlla mooy sàmm dénd bi, te moo ci am sañ-sañ, loolu tamit lu wér la.

Ci xarnu bii weesu, xam-xam feeñal na ca dëgg- dëgg ne dénd bi day tàwwiku (ci misaal biddiw yi dañuy gën a soriyànte). Boroom xam-xamu xew-xam bii di Stephen Hawking dafa bind ci téereem bii di 'A Brief History of Time' ne:

"Feeñal ne dénd bi day tàwwiku, bokk na ci jaloorey xeltu yi gën a rëy ci 20eelu xarnu bii"

Njëkk ñuy fent tleskob sax Alxuraan doon na junj tàwwikug dénd bi!

## 4 Wàccee weñ gu ñuul

Weñ miineesu ko ci kaw suuf; ndax moom ci bitti jaww ji la jóge ñëw ci suuf si, xamtukat yi feeñal nañ ne ay milyaari at ci ginnaaw la suuf si mbëkk ay jum, jum yooyu amoon ay weñ yu bàyyikoo ci biddiw yu sori yu tàkk.

Yàlla baatub 'wàcce' la jëfandikoo.

Amna xalaatu xam-xam bu dëgër buy wax ne weñ gu ñuul dees koo wàccee ci kaw suuf, mu bàyyikoo ci bittib jaww ji jaare ko ci ay jum, te loolu mbir la mom xam-xamu 7eelu xarnu bu suufe ba manu ko woon a xam.

> *Wàcce Nanu weñ gu ñuul, mu am kàttan gu tar, ak ay njariñ ñeel nit ñi*
>
> Al-Hadiid: 25

## 5 Sàmm asamaan si

Asamaan day amal liggéey bu am solo ci sàmm suuf si, ak ñi ko dëkke, ci ceeñeeri jant yiy faat bakkan, ak ci sedd bu tar bi ci ndànd fay-fay gi.

Yàlla da noo sant nuy settantal asamaan ci laaya jii di ñëw:

*Te def Nanu asamaan si mu nekk am téeg mu Nu wattu. Te ñoom ñangay dëddu Sunuy kéemtaan [bañ leen a seetlu]*

Al-Anbiyaa: 32

CONTENTS





Alxuraan day junj kaaraangey asamaan, niki am màndarga ci màndarga yiy tegtale kàttanu Yàlla, waaye jagle yi nekk ci fegu googu, feeñul ndare ci gëstutuy xamtu yiñ amal ci 20eelu xarnu.

## 6 Doj yi


Yàlla da nuy bàyyiloo xel jagle gu am solo ci doj yi:

> *Moo ndax du Nun Noo def suuf si mu di laltaay ?*
>
> *Ak tundi doj yi ñu di ay dott?*
>
> An-Naba: 6-7

Alxuraan baatub "dott" lay jëfandikoo ngir melal cig faramfànce reen yu xóot yi doj yi am.

Ci misaal, doju Efrest guddaay ba mat na 9i kilomeetar yu tiim suuf si, waaye reenam xóote na lu ëpp 125i kilomeetar.

Wax ne ca dëgg-dëgg tundi doj yi dañoo am ay reen yu xóot yuy niroo ak 'dott' xameesu ko woon njëkk ñuy jàng li ñiy tudde (the theory of plate tectonics) ci tàmbalib 20eelu xarnu. Niki noonu Alxuraan junj na (An-Nahl: 15) ne, tundi doj yi am na jeexiit ci dëgëral suuf si "ba du jeng" te mbir moomu bu yëggul la ko woroom xam-xam yi nànd.




## 7 Lefum jant bi

Ci atum 1512, boroom xam-xamu biddiw bii ñuy wax Nicholas Copernicus dafa fésal gis-gisu xam-xamam biy wax ne jant bi dafa toog ci digg li ñiy tudde (Nosteg Jant bi) biddiw yi di ko wër. Gëm-gëm boobu moo tasaaroo woon ci woroom xam-xami biddiw yi ba 20eelu xarnu. Leegi nag xam-xam saxal na bu wér ne jant bi toogul benn bërëb, waaye day wër ci am lef mu nekk ci digg sunu galagsi bii.

Alxuraan day junj naan:

> *Te Moom mooy ki bind guddi gi ak bëccëg bi, ak jant bi ak weer wi, ku ci nekk di daw caw rëdd [wa ñu ko rëddal].*
>
> Al-Anbiyaa: 33

CONTENTS





## 8 Duus yi nekk ci biir géej mbàmbulaan

Ñu bari dañoo jàpp ne duusi géej ci kaw rekk lay ame. Ak lu man a xew, ñi seen xam-xam màcc ci géej mbàmbulaan feeñal nañ ne amna ay duusi géej yuy xew ci biir, ci ron gi, yuñ manul gis ak bëti kese, te kenn manu ko fésal lu moy ci ay jumtuwaay yuñ ko jagleel.

Alxuraan day junj ne:

*"... géej guy duusu : ganax ci kaw ganax, ay niir yu lëndëm tegaloo tiim ko..."*

An-Nuur: 40

Melal gii lu yéeme la, ndax 1400i at ci ginnaaw, ay jumtuwaay yu man a feeñal duus yooyu féete biir ci géej amul woon.

## 9 Diggante fen ak yëngutu

Ci jamonoy yónnent Yàlla Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm), dafa am genn kilifag giir gu manoon a tooñ te bew, Yàlla wàccee ci moom laaya ngir araftu ko:

> *Déedéet ! Su ko bàyyiwul, Dananu ko sëq, ci ndaal boppam, ndaal bopp luy fenkat di defkatu bàkkaar.*
>
> Al-Halaq: 15-16


Yàlla woowewul waa ji fenkat, waaye day melal ndaal boppam (li féete kanam ci yuuru nit) ci ne loolu mooy 'fenkat' di 'defkatu bàkkaar', mu koy araftu ngir mu bàyyi. Ay jàngat yu bari saxal nañ ne li féete kanam ci sunu yuur (li féete ci jë bi) moo jagoo fen ak bépp yëngutub nammeel, ba ci ñaawtéef. Doxiini yuur yooyu ñi ngi ko feeñal ci jumutuwaayu nataalu paj (rajo) yi nga xam ne ñi ngi ko liggéey ci 20eelu xarnu bii.

## 10 Ñaari géej yi dul jaxasoo

Yàlla day wax ci li aju ci géeej naan:

> *"Moo dajale ñaari géej ya; def na aw dig ca seen diggante ba duñu jaxasoo."*
>
> Ar-Rahmaan: 19-20

Jenn doole ci xew-xam, gu ñuy tudde (téeg buy fuddu) mooy tee ndoxi géej yi dend di jaxasoo; ndax wuute gu am ci diisaayu ndox yooyu, nga xam ne day mel ne ab miir bu sew dafa dox seen diggante, loolu woroom xam-xam yi bu yàggutoo lañ koy soog a xam.



CONTENTS






## Xanaa Muhammet manul woon bindal boppam Alxuraan ji?

Muhammet (yal na ko Yàlla dolli jàmm) liñ ko xame ci mboor mooy moom jàngul; manul woon a dawal manul woon a bind, jàngul ci genn fànn luy tax mu man a firi Alxuraan piri mu wér te xam-xame.

Ñenn ñi man nañoo njort ne dakoo sottee ci ñu jàng walla ci woroom xam-xami jomonoom, su fekkee da koo sotti, kon xanaa war naa sottiwaale mbooleem gisiini xam-xam yu wérul ya woon jamono jooja? Te sax, Alxuraan amul benn xeetu njuumte ak bum man a doon nag, moo xam mu aju ci xam-xam walla ci leneen.

Man naa am it ñenn ñi ne Alxuraan dafa soppiku biñ feeñalee ay dëggi xam-xam yu bees. Loolu manut a nekk, ndax wattu giñ wattu Alxuraan ci làkku cosaanam dëgg gu wér la ci mboor, te moom ci boppam kéemtaan la.

## Ndax dafa tombe rekk?

> *Dananu leen won sunuy kéemaan ci déeléey asamaan ak ci seen bopp, ba baa ñuy gindiku ci xam ne (Alxuraan), mooy dëgg tigi.*
>
> *Fusilat: 53*

Bu jukki bii xëntewoo kéemtaani xam-xam gi jamtalu it; téewul amna lu bari ci yeneen xeeti kéemtaan yu wér yoy ñëw nañ ci Alxuraan, lu ci mel ni kéemtaan yi aju ci mboor, ak céentu yi sotti, ak anami làkk ak taaral wax yi nga xam ne kenn manu ko cee roy, ak jeexiit ji loolu am ci kiy diglu, kéemtaan yooyu yépp manul nekk ag tandale, te day wane ci lu leer ne Alxuraan ci Yàlla la jóge, Yàlla mi bind mbooleem sew-sewi xam-xam yooyu.

Moom mooy Yàlla miy Kenn, mi yónni mbooleem yónnent yi ñu yor benn woote bi mu jëm ci jaamu Yàlla miy Kenn te topp njàngalem Yónnteem.

Alxuraan téereb njub la, buy leeral ne Yàlla bindul mbindeef yi ngir ñuy dund rekk ci lu amul jubluwaay, moom kay da nuy xamal ne am nanu jubluwaay bu kawe te am maanaa ci dund gi, muy nangu matug Yàlla ak màggayam ak ug wéetam te topp ko.

Mbir mi daal, dañ koy bàyyee kenn ku nekk mu jëfandikoo xelam ak tolluwaayu xalaatm ngir mu settantal te jéem a xam màndarga yiy tegtale Yàlla.

Alxuraan mooy màndarga mi gën a leer. Kon jàng ko ngir xam taaru Alxuraan ak dëgg-dëggam, kon danga tuufu.

CONTENTS



# DEE AK BIS-PÉNC CI LISLAAM

WOLOF | (10/10) الموت والآخرة في الإسلام | FREE COPY

*"Bakkan bu nekk dana mos dee."*

*Al-Hankabuut: 57*


جمعية دار البر
Dar Al Ber Society
www.daralber.ae

الإمارات
THE EMIRATES

Your Path To Peace..

مركز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

تصريح رقم: (2017/139)
دائرة الشؤون الإسلامية والعمل الخيري
Islamic Affairs & Charitable Activities Department

www.islamicic.com

CONTENTS



# DEE LU JEGE LA

> *Fu ngeen mën a nekk dey, dee dana leen fa fekk, donte dangeen a nekk ci tata yu ñoŋ*
> An-Nisaa:78

Ci dëgg-dëgg dee mooy lol kenn du ci rëcc, te mooy lol bis bu nekk day gën a jege, waxtu wu nekk simili bu nekk day gën di jege rekk. Dëppoo ak li téeré bob CIA ñoo ko bind, nee nañu: daanaka saa wu nekk ñaari nit dinañu dee, loolu mooy tegtale ni lu toll ci 57.9 milyoŋ dinañu faatu ci at mi, nit ku mu man di doon ci dee lay mujj ndax kenn du ci rëcc, ak lu mu wér wér, ak lu mu man a dund, ak jaar-jaar bu mu man a am, ak cér walla dayo bu mu man a am ci biir mboolaay gi walla pénc mi mbaa ag ragal Yàlla.

Ana wuuri démb ya? Ana woroom milyaar ya ak woroom doole ya? Ana woroom taar ya, way-siiw ña ak xalaatkat yu mag ya?

# DËGG-DËGGI DEE

Dee du jéeya ju metti, ab jaaruwaay la rekk ci jaaruwaayu tuxu ci àddina sii dem ca dundug àllaaxira, dee daf noo war a def nuy settantal ak di bàyyi xel ak a xalaat ci li tax nuy dund, luy jubluwaay bi ak lan mooy xew ginnaaw dee.

Yàlla wax na nu ci Alxuraan ne da noo bind ngir nu jaamu ko mom dong, mu def dund gii ab nattu ngir xam ñan ñooy jox àq jaamu gi tax mu sàkk nu.

> *"Te binduma jinne ak nit lu dul ngir ñu jaamu ma."*
> As-Saariyaat:56

Naka noonu, Yàlla wax na nu li tax mu bind dee ak dund:

> *"Mooy ki bind dee ak dund ngir nattu leen ci ana kan moo gën a rafet jëf."*
> Al-Mulk: 2

Doomu aadama du waajal dee ci jënd lu ñu koy waajale su deewee, walla tànn kees giñ koy dugal, waaye dee dees koy waajal ci fexe ba jëmmal li tax Yàlla sàkk nu muy jaamu Yàlla moom dong, ak dund gu dëppóo ak ay ndigalam, ak di def lu baax, jaamu Yàlla ab baat la bob dafa làmboo gépp wàll ci dund gi, du rekk julli, waaye jépp jëf joj Yàlla gërëm na ko rekk day dugg ci jaamu Yàlla, te day am yool fii àddina ak fële ca àllaaxiraa.

CONTENTS




















# WAXTUW DEE

Bis bu nekk nu gis ay niral yu bari ci dee, li nu jàppee dee gu sedd mooy dee gu amul mettit walla coono, waaye nag mbir mi du ne fàww noonu lay deme, ndax nit su dee ruu ga day tàggaliku ak yaram wa, waaye melekaanu yaramam du mooy dëggi-dëggi melekaanu ruuham. Ndaxte nooflaayu ruuham ak njàqareem bis boobu day aju ci jëf yu rafet yu mu jëfoon ak xam gi mu xamoon li tax Yàlla indi ko ci àdduna si, kon mbir mi ci lii la aju waaye ajuwul ci li sabab ak deewam ci lu feeñ.

*Bakkan bu nekk nay xool la muy jiital ngir ëllëg.*

Al-Hashr: 18.

Danuy jël niral ci ñaari nit yu dagg paas war a tukki ci barab bob masuñu faa dem, ku njëkk ki dafa jël waxtu wu doy jàng fa mu jëm bu baax, xam seen làkk seen i aada ak cosaan ak seen mbatiit, wut seen xaalis jël ñakk yi mu war a jël ngir tukki, bi waxtu tukki jotee mu dem ànd ak jàmm ak dal amul benn jafe-jafe ndax daa waajal boppam bu baax.

Janeen waay ji moom waajul tukkeem, da doon dund li ko neex ba waxtu tukki jot mu dem te xamul fa mu jëm, ñàkk a waajal boppam gi yóbbee ko ab coono, la mu indaale dara amalu ko ci njariñ.

Yàlla sunu Boroom melal na nit kii nga xam ni waajalul fa mu jëm ci Alxuraan ni:

*"…. ba ba dee dikkal kenn ci ñoom, mu naan : "Sama Boroom ! Delloo ma àddina, ndax ma mën a jëf yiw ca la ma fa bàyyi". [Mukk loolu du mës a am], loolu kàddu la rekk gu muy wax."*

Al-Muuminuun: 99-100

Niki noonu dañiy gis ci Alxuraan ne ñi dugg safara su ñu leen laajee li waral seenug dugg safara:

*"Ñu tontu ne : "Nun kat danu daawul julli, te daawun leel miskiin yi, te danu daan ànd ak caaxankat ya, te danu daan weddi bis-Penc bi, ba dee aksi ci sunu kaw".*

Al-Mudassir: 43-47

Nun ñépp am nanu dig daje ak dee, te dinanu tukki jëm ci dee, laajal sa bopp ndax waajal nga tukki boobu?

CONTENTS






# LI TAX YÀLLA BIND NU

Dund gi ab nattu la ci dee lay jeexee, waaye doomu aadama ak amam day wéy, su dee jotee jëf lu baax day wéy te day fekk jéggalu weesu, sunug mujj nag moo ngi aju ci sunuy jëf ak sunuy gëm-gëm ci diir bi nu nekkee fii ci àdduna. Dundug doomi aadama bi ñaari xaaj la, aw nekkiin wu gàtt fii ci àdduna, ak nekkiin wu sax dàkk fee ca àllaaxira, képp ku am xel mu sell war naa xam ni bànneex buy sax dàkk deesu ko tëkkale mukk ak ay bànneex yoy day jeex leegi.

> *"Moo ndax dangeen a jortoon ne caaxaan rekk a taxoon Ma bind leen, ngeen jort it ne dungeen dellusi ci Man [Yàlla] ?"*
>
> Al-Muuinuun: 115

Yàlla dafa bind nit def ko muy ku warloo ak ay jëfam, dafal ñu xel mu sell ndax nu man a ràññetle lu baax ak lu bon, su doon bés-pénc amul, bés bob Yàlla day fay ñi def lu baax seen i jëf, fay ñi def lu ñaaw seeni jëf, loolu su amul woon dafay mel ni day woroo ak mànduteg Yàlla tudd naa ag sellam.

Llolu a tax, ag maandute dafay laaj mu am ab bés boo xam ni ngir fay jëf la bés bob ci la Yàlla di càmbar kenn ku nekk.

> *"Moo ndax danuy def ñi wommatu jëm ci [Yàlla] ñu yem ak tooñkat ya ? Ana lan moo leen dal ? Ak naka ngeen di àttee ?"*
>
> Al-Qalam: 35-36


# BÉS-PÉNC

Dees na bind ak a wattu jëfi nit ñi ci dund gii, niki ko Yàlla waxee:

> *"Ñu teg Téere ba. Nga gis saay-saay sa tiit ca la nekk ca biir, ñu naan: "Ngalla nun, cëy waay téere bii, bàyyiwul lu tuuti, bàyyiwul lu rëy, bind na lépp ? " Ñu gis la ñu defoon di lu teew. Te sa Boroom du tooñ kenn."*
>
> Al-Kahf: 49

> *"Waxal ne : "Dee gi ngeen di daw dana dajeek yeen. Ba noppi ñu delloo leen ca Yàlla mi xam kumpaak li feeñ mu di leen xibaar la ngeen daan def"*
>
> Al-Jumuha: 8


CONTENTS
















Dinga yéemu ci wayndare wii nga xam ni moo làmboo sunuy jëf, wayndare wi dina nu fàttali waxi Yàlla jii:

*"Yàlla takk na ko, ñoom ñu fàtte ko"*

Al-Mujaadala 6

Sunu xalaatee mbir mi xalaat bu xóot danoo war a rus a def bépp ñaawtéef bob soo ko defee dees na ko bind dees na ko gaaral bis-pénc ca kanamu Yàlla.

Kuy jiixi-jaaxa ci kàttanu Yàlla ci dekkal nit ñi, ak àtte leen, xamal ne Yàlla wax na ci làmmiñu yéefar yi:

*"kuy dekkal yax yi ginnaaw bi ñu funuxee....?" Yàlla tontu leen ci làmmiñu Yonnent bi, ne: "Waxal ne ki koy dekkal mooy ki ko sosoon ca njëlbeen ga, te moom moo xam bépp mbindeef. "*

Yaasiin 78-79

# ÀJJANA AK SAFARA

Àjjana mooy fayug nit ñi gëm Yàlla miy Kenn, moom mi yeyoo jaamu, te ñuy def jëf yu baax.

Jëlee nañu ci Yonnent bi (yal na ko Yàlla dolli jàmm) mu ne Yàlla wax na ne:

“Waajalal naa sama jaam ñi lu bët masul gis, ak lu nopp masul dégg, ak lu xelu nit masul daj.”

*Yàlla wax na ci téeréem bu tedd bi: “Bis niki tey, waa Àjjanaa ngi ci xéewal gu mat sëkk ; ñoom ak seeni soxna, ña nga ca biir kër ya, sóonu ca lal ya. Am nañu fa ay fuytéef ak lépp lu ñuy soxla”*

Yaasin: 55-57

Safaan bi mooy ñiy weddi tawhiit ñépp safara lañu jëm, dees nañu leen wax:

*“Safara si ñu leen daan dig, mi ngi nii. Xoyomuleen ci bis niki tey, muy [payug li ngeen daan weddi]”*

Yaasin: 63-64

Mbugal ma gën a tar ca kaw yéefar ya lay dal.

CONTENTS



*Ci loolu la Yàlla wax ne: “Waajal nanu safara muy tuqlóo, di xala doon dëkkuwaayu ñu bew ña. Danañu fa sax ay jamono yu yàgg. Dunu fa mos ab sedd waxantumalaa ag naan, Lu dul ndox muy wañax ak lay rogaate ca seen jëmm ya muy pay gu témbóo. Ñoom dañoo foogoon ne duñu leen màndaxe, ña weddi woon sunuy Laaya, lépp lu ne peeg nanu ko bind ko. Ayca mosleen. Dunu leen dolli lu dul mbugal (tokamtikuleen ko)!”*

An-Naba: 21-30

# TËJTE LI

*“Éy yaw nit ! Ana lan moo la fàbbi ci sa mbiru Boroom, bu Tedd bi, (sa Boroom) bi la bind yemale la, jekkal la ? Moo la defar ca na mu ko soobe. Déet... ! [ak lu mana xew] yéen a ngay weddi bis-pénc ba.”*

Al-Infitaar: 6-9

(Yool ba a ngi ci jëf yu baax yi, mbugal ma a ngi ci jëf yu ñaaw yi)

Nanu fàttaliku ne dinanu wuyji wooteb dee leegi rekk waaye sunu jubluwaay mooy rekk am ngëramal Boroom bi, ak waajal dundug alaaxira, ndax àdduna am pose rekk la mu ñuy jaar jàll, nanu ci posewu gaaw ngir jagal sunu mbir ak mbiri ñeneen ñi, ndax nu bokk ca way texe ya àdduna ak àllaaxira.

Dee maneesu koo daw, sunu jubluwaay mooy jaamu Yàlla kese ak def jëf yu baax wattu lu bon, sunug mujj moo ngi aju ci sunuy jëf, kon man nanoo posewu ci sunu nekkiin fii ci àdduna ngir jagal sunu àllaaxiraa dem àjjana walla nu sànk sunu dund fii, bu ko defee ëllëg nu dem safara.

*"Ñu baax ñaa ngi ca biir àjjanay xéewal, te itam kàccoor ya ñoom, ña nga ca biir safaras Jahiim”*

Al-Infitaar: 13-14

مـركـز المعلومات الإسلامي
Islamic Information Center
للتعريف بالإسلام

Part of the

# ISLAMIC e-LIBRARY

Learn more about Islam with our informative and educational materials, translated to over 50+ languages

Quran Flyers Books

iicdxb.com/flyers

@islamicicdxb